

Адыгэгу зыкIуэцIылъ тхакIуэ

2-нэ нап.



«ЖылакIэр» дунейпсо утыкум йохьэ

3-нэ нап.



Гупсысэ куухэр къыщыгъэлъэгъуат

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ арац.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№129 (25.035) • 2026 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Гъуэгу тетхэм я махуэшхуэр ягъэлъэпIащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым хъуэхъу дахэкIэ защыхуигъэзащ жэпуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэм зи Iэщlагъэм и махуэр зыгъэлъапIэ гублащхьэдэсхэм.

«НОБЭ я махуэшхуэр ягъэлъапIэ автомобилхэм, къалэм цIыху къыщезышэкI транспортым дэс гублащхьэдэсхэм, а Iэщlагъэр зезыхьэм и ветеранхэм. ЩIыналъэ зыхуей хуэзэныр куэдкIэ зэлъыта мы лэжьыгъэм хэпщIа псоми сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу. А IэщlагъэлIхэм я фIыгъэщ автомобилхэмрэ къалэм щызекIуэ транспортымрэ я лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтеубла зэрыхъуар.

Республикэм и экономикэм и Iыхьэхэр транспортым зэрепх. Апхуэдэу санкцэ гуащIэ ди къэралым къызэрыщIылIам щхьэкIэ къэмынэу, транспортым и инфраструктурэр кIуэ пэтми йофIакIуэ.

Къэралым и унафэр зезыгъакIуэхэм ялъэкI къагъанэркъым хьэлъэзешэ машинэхэри цIыху къезышэкIхэри нэхъыбэ ящIын папщIэ, цIыхухэри щIыналъэхэри тыншу зэлъэIэсын хуэдэу.

Иджырей транспорт системэм кIуэ пэтми Iэмэпсымэщ1э нэхъыбэ къыхохьэ, ар акъылкIэ зэлэжьын хуейхэм яхохьэ. Бжыгъэр и лъабжьэу ди къэралми хамэ щIыналъэхэми къыщыщIагъэкI Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ, гъуэгум машинэхэр щызегъэкIуэныр, хьэлъэ къешэкIыныр, цIыхухэр шынагъуэншэу здэкIуэм нэгъэсыныр нэхъ тынш мэхъу.

Автомобилхэми, къалэм дэт транспортыр зезыгъакIуэми я лэжьыгъэр цIыхухэм епхащ, абы нэхърэ нэхъ лъапIэ зыри щыIэкъым.

Я лэжьыгъэм и хъер ялъагъурэ узыншагъэ быдэрэ яIэу дяпэкIи лэжьэну сохъуэхъу махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм. Нэхъыфlу щыIэр къывэхъулIэну си гуапэщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я унэм «БиоКванториУм» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ клубым лэжьэн щыщIидзащ. Ар «Росмолодежь. Грантхэр» зэпеуэм къыщахьа текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ ягъэзащIэ проект гъэщIэгъуэнщ икIи щхьэпэщ. Ар зэхигъэуващ Налшык къалэ администрацэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым хэт Жидков Руслан.

«БиоКванториУм»-р гъэунэхуныгъэ щрагъэкIуэкI «утыкущ», абдеж еджакIуэхэм щIэныгъэм щаIэ зэфIэкIыр щагъэунэху, я акъылым къытехуэ ныбжьыщIэхэм псалъэмакъ гъэщIэгъуэнхэр щыдрагъэкIуэкI.

Ныбжьыщlэхэм ядж узыншагъэм и щытыкIэр къызэрапщытэ Iэмалхэр, лабораторэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Проектыр зэхэтщ программэ зыбжанэу: «Биология разума», «Пульс», «Нейро-Кардио хаб», «Нейрон», «Окулус», «Капсула знаний». Абыхэм ящыщ дэтхэнэми еджакIуэм къыщегIэ цIыху Iэпкълъэпкъым зэхэлъыкIэм теухуауэ щIэ гуэр. «БиоКванториУм» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ клубым йокIуалIэ ныбжьыщIи 100-м щIигъу.

«Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди сабийхэр щIэныгъэ унэтIыныгъэхэм зэрыдахьэхыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу «Кванториум» школ технопаркыу 5 къыщызэIуахащ. Апхуэдэ зыщ «ДыгъафIэ къалэм» и мобильнэ технопаркыр. Абыхэм къалэхэм, къуажэхэм щыщ еджакIуэ мини 7-м щIигъум щIэр къахутэфу, къащIэфу, къагупсысыфу зыщрагъасэ. Ахэр гупжьей къызэрыгуэкIкъым. «Кванториум»-м сабийхэм къыщагъэсэбэп фIагъышхуэ зиI эиджырей технологие Iэмэпсымэхэр, инженер проектхэр щагъэзащIэ, абы къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм я зэфIэкI щагъэлъагъуэ. ИужькIэ ар сэбэп къахуохъуж егупсысауэ Iэщlагъэ яхуэхуныр къыхахынымкIэ. Шэч къытехьэркъым «БиоКванториУм»-р а унэтIыныгъэм хэзыгъахъуэ лъэбакъуэщIэу зэрыщытынум, щIэныгъэлI хъуну хуейхэми ар куэдкIэ къазэрыхуэщхьэпынум. Ныбжьыщlэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну сохъуэхъу!» - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, зэхуэсым хэтхэм защыхуигъазэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм гъэзэщIа зэрыхъуам теухууэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ хэхъуэхэмкIэ сом мелуан 72333,2-рэ хъун хуей илъэс планыр сом мелуан 35934,2-кIэ, е илъэс планым тещIыхьауэ процент 49,7-кIэ, абыхэм ящыщу федеральнэ бюджетым къыхэкI финанс дэIэпыкъуныгъэхэр къэмылъытауэ, илъэсым тещIыхьауэ яубзыхуамкIэ сом мелуан 25008,7-рэ хъун хуейр сом мелуан 12749,8-кIэ е процент 51,0-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Ямыпшыныжыну къаIэрыхьэ хэхъуэхэмкIэ планыр процент 49,0-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, сом мелуан 23184,2-кIэ ягъэзэщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр хэщIхэмкIэ сом мелуан 35236,3-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 45,9-кIэ ягъэзэщIащ, абыхэм япкъ иткIэ отчет лъэхъэнэм къриубыдэу профицитыр сом мелуан 697,7-рэ мэхъу.

Ищхьэкlэ къыщыдгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2026 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№353-П-П

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущlапlэхэм къызэратамкIэ





Зэрэгъыж и лIэщIыгъуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэрэдж районым щекIуэкIащ Зэрэгъыж къуажэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа Iуэхухэр.

ЖЫЛЭР къыщыунэхуар хуахь 1925 - 1926 гъэхэм Жанхъуэтхьэблэ (иджы Псыгуэнсу) адыгэ къуажэжьым щIыр яхуримыкъуж хъууэ, унагъуэ 230-рэ къыдэIэпхъуакIыу абдеж щыщетIысэхам. Къуажэр зэфIэувауэ къалъытэ 1926 гъэм фокIадэм и 16-м, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и ЦИК-м и Президиумым къуажэ совет къызэгъэпэщыным теухууэ унафэр къыщищта махуэм.

Зэрэгъыжым и махуэшхуэр даIэтыну хьэщIэ лъапIэхэр еблэгъат. Жылэм ехъуэхъуахэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэрэ абы и къуэдзэ Къардэн Муратрэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Хъубий Марат къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу тхыгъэм. КъБР-м и хабзэубзыху Iуэхущlапlэм и Унафэщlым и фIэхъус псалъэм къыщыхигъэщащ илъэси 100-р ныбжьыфI зэрыхъур, ауэ ар махуэшхуэ къудейуэ щымыту, цIыхухэм я къекIуэкIыкIам, я ехъулIэныгъэхэм я тхыдэшхуэу къызэрилъытэр.

- Илъэс блэкIахэм къриубыдэу Зэрэгъыжым къикIуащ гъуэгуанэ мытынш икIи щIыхь зыпылъ: мыбдеж хабзэфIэр, псэукIэ дахэр щызэфIэуващ, зи щIыналъэмрэ Хэкумрэ фIыуэ зылъагъу щIэблэ щапIащ. Абы и щIыIужкIэ, узэрыгушхуэнщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, къэрал псом зи цIэр фIыкIэ щызыгъэIуа цIыхухэр Зэрэгъыж къызэрыдэкIар. Абыхэм я ехъулIэныгъэхэр Урысейм и тхыдэ щIэин къулейм и зы Iыхьэ зэрыхъурэ куэд щIащ. Апхуэдэщ дирижёр щIэрыIуэ, гъуазджэ лъагэм и дамыгъэ хъуа Темыркъан Юрэ, зи Iэдакъэщlэкlхэмкlэ лъэпкъ щэнхабзэр къулей зыщIа IутIыж Борис, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион хъуа Къардэн Мурат, нэгъуэщIхэри. Ноби а хабзэм екIуу пывощ1э: районым и гъащIэм жыджэру фыхэтщ, къуажэм зывогъэужь, щIэблэм гулъытэ щхьэхуэ яхувощI, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.



Абы къыхигъэщащ илъэси 100 махуэшхуэм зэхъуэкIыныгъэфIхэмрэ ехъулIэныгъэщIэхэмрэ къыдэкIуэну зэрыщыгугъри. «Унагъуэ къэс тынш-гъуэрэ зэгурыIуэрэ щытепщэу, щIалэгъуалэр ефIакIуэу, нэхъыжьхэм гулъытэрэ пщIэрэ ягъуэту фыпсэуну сынывохъуэхъу. Ди республикэ телъыджэм хыхьэ мы щIыналъэ дахэм адэкIи зиужьу, фIыгъуэрэ угъурлыгъэрэ щыкуэду щрет. Узыншагъэ быдэ, насып, ехъулIэныгъэ фиIэну, пщэдейрей махуэм фIыкIэ фыхуэплъэу фыпсэуну къуажэдэс псоми сынывохъуэхъу!» - дыщIигъуащ Егоровэм.

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ Зэрэгъыж къуажэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIымрэ папщIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъхэр Егоровэ Татьянэ яритащ Зэрэгъыж къуажэм IутIыж Борис и цIэр зэрихьэу дэт курыт еджапIэм физикэмкIэ и егъэджакIуэ Сэбан Хьэсэнрэ «Кавказ Ищхъэрэ-Къэббалъкъэнерго Россети» ПАО-м и къудамэм и центрым и унафэщI-оперативно-технологие Iуэхухэмкlэ инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэ Темыркъан Аслъэнрэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и ФIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и доцент, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэмкIэ и отличник Къардэн Мае, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Математикэмрэ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ институтым и кафедрэм и щIэныгъэ унафэщI, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Журт Арчыл, Зэрэгъыж и курыт еджапIэм школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм папщIэ и къудамэм и гъэсакIуэ нэхъыжь Шэрlужь Риммэ.

Къуажэдэсхэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан, республикэм и министерствэхэм, Аруан, Дзэлыкъуэ, Тэрч муниципальнэ районхэм я лIыкIуэхэм, нэхъыжьхэм.

Махуэшхуэм щагъэлъэпIащ лэжьыгъэм и ветеранхэр, унагъуэшхуэхэр, апхуэдэуи Зэрэгъыж къуажэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэр. Къэфакlуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэм махуэр ягъэдэхащ. Курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэщащ «Къуажэм и тхыдэр цIыхухэмрэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ епхауэ» зыфIащa гъэлъэгъуэныгъэр. Абы щызэхуэхьэсащ жылэр зэрызэфIэува, зэрызиужьа щIыкIэр къэзыIуатэ архив сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэ траухуат пасэрей хьэпшыпхэм, лъэпкъ фащэм, щIым, нэгъуэщI Iуэхухэм епхауэ лажьэхэм я ехъулIэныгъэхэм. ХьэщIэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ ягъэфIащ. Къищынэмыщ1ауэ, спорт джэгукIэ зэхуэмыдэхэмрэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэхэтащ. Махуэшхуэм и кIэухыу ягъэлъэгъуащ «Гъагъэ, си къуажэ дахэ» пшыхь гукъинэжыр.

Зэрэгъыжым и махуэшхуэм нaIуэ тщищIащ: къуажэмэи тхыдэми Iуэхугъуэ дахэхэр къыхэхъуэу, псынщIэу зиужьу, и етIуанэ лIэщIыгъуэм фIэщхъуныгъэ хэлъу зэрыхыхьэр.





Узыфэ шынагъуэм щахъумащ

КъБР-м и хирургие центрым и дохутырхэм ирагъэкIуэкIащ жьэжьей лъынтхуэхэм епха операцэ гугъу дыдэ. Апхуэдэ операцэ КИФЩI-м япэу щащIауэ арац.

ИЛЪЭС 29-рэ зи ныбжь цIыхухъум и бгыр узу дохутырхэм захуигъэзащ. Къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ сантиметри 3-м нэс зи инагъ аневризмэр, зэпычынкIэ шынагъуэ щыIэу. Iэмал зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпурэ операцэр ирагъэкIуэкIащ. Дохутырхэр зыпэрыува Iуэху гугъум фIы дыдэу пэлъэщащ: лъыр тэмэму зэрагъэкIуэжащ, нэхъыщхьэращи, жьэжьейр яхъумащ. Операцэ ящIар тыншу икIи псынщIэу зэфIэувэжащ икIи тхьэмахуэ дэкIри, сымаджэщым щIатхыкIыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм зыужьыныгъэфIхэр зэриIэм и фIыгъэкIэ щIыналъэм операцэ гугъу дыдэхэр щрагъэкIуэкI хъуащ – иджы сымаджэхэм къэралым и медицинэ центр инхэм зыхуагъэзэн хуейкъым.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Лэжьыгъэхэм йоужьэрэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэр бжьыхьэсэм яужь итщ мы зэманым. Республикэм и район администрацэхэм АПК-мкIэ я управленэхэм къызэратамкIэ, мы гъэм бжьыхьэсэр зытращIэну хухаха гектар мин 60-м нэблагъэм щыщу гектар мин 35,5-м нобэкIэ ар трасащ.

ЗЭПЭЩХЬЭХУЭУ къэдгъэлъагъуэмэ, абы щыщу щIы нэхъыбэ зарагъэубыдар гуэдзырщ - гектар мин 14. Хьэр зытращIар гектар мин 12,5-рэ мэхъу, рапсыр - гектар мини 9-м ноблагъэ.

Дунейм нобэ и щытыкIэмрэ бжьыхьэсэр ныкъусаныгъэншэу ирагъэкIуэкIын, ар и пIалъэм зэфIагъэкIын папщIэ мэкъумэшыщIэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ ирикъуу къызэрызэгъэпэщамрэ я фIыгъэкIэ лэжьыгъэр нэхъ псынщIэу мэкIуатэ, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

БОРИЙ Ратмир.

Ди щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэщIэ

Ди щIыналъэр зэрыпагэ, и къэхутэныгъэ телъыджэхэмкIэ зи цIэр ину зыгъэIуа щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ящыщщ Хьэшыр Светланэ. Химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и щIэныгъэ узэщIакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмкIэ зыхуагъэфэща, егъэджакIуэ, щIэныгъэ зэгухьэныгъэ зыбжанэм я унафэщI, КъБКъУ-м щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIэ и проректор бзылъхугъэ щыпкъэр зи унафэщI гупым иджыблагъэ дунейпсо утыку кърахьащ полибутилентерефталатым (ПБТ) къыхащIыкIа, мафIэм щымышынэ пластикыр.



● Хъыбар гуапэ

СВЕТЛАНЭ КъБР-м и Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-м химиемкIэ и къудамэр тхылъ плъыжькIэ къиухри, 2002 гъэм кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. А лъэхъэнэм сэри химие къудамэм сыщеджэрти, яIуатэ мыхъуу, си нэгу щIэкIащ факультетым и егъэджакIуэ, профессор лъэрызехьэхэм Светланэ пщIэ зэрыхуащIыр, уеблэмэ зыгуэрхэмкIи зэречэнджэщыр.

А бзылъхугъэ щэныфIэм и щIэныгъэм нэхъри зэрыхигъэхъуэным пылъ зэпыту урысей, европей, къухьэпIэ, къуэкIыпIэ щIэныгъэ журналхэр щIиджыкIырт, зэлэжь полимерхэм къэкIуэну зэманым увыпIэшхуэ зэрыщаубыдынур фIыуэ къыгурыIуэрти, а унэтIыныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщригъэужьыным хэтт. Нобэр къыздэсым си нэгу щIэтщ КъБКъУ-м и щIыунэ лабораторэхэм щылажьэ Светланэ студент гуп къепщIэкIауэ, абы дэIэпыкъуу, и щIэныгъэм щыгъуазэ зыщащIыну хъуапсэу, зэхахымрэ ялъагъумрэ яфIэмащIэу едаIуэу, кIэлъыплъу зэрыщытар. Нэрылъагъут Хьэшырым хъуэпсапIэ инхэр зэриIэр, къэгъази зэши имыщIэу лэжьыгъэм ерыщу зэрыпэрытыр. Абы щыгъуэ Светланэ и къэхутэныгъэхэр щIэныгъэхэмкIэ дунейпсо журналхэм къытехуэрт, къэрал саугъэтхэр къихьырт, къыхуагъэфэща мылъкумкIи щылажьэ лабораторэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр, къэпщытакIуэ аппаратхэр щIигъэувэрт. Ауэрэ КъБКъУ-м химиемкIэ и къудамэм центр псо къыщызэригъэпэщащ.

Иджы, Хьэшырыр зи унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэлI гупым полибутилентерефталатым пкъыгъуэщIэ къыхащIыкIащ, абдж щыкъуейрэ пластикыр мафIэм езымыгъэс антипиренрэ хэлъу. ЗэрыжаIэмкIэ, пластикыщIэр бидэщ икIи мафIэм исыркъым. Абы и фIыгъэкIэ ар электротехникэм, машинэ, промышленнэ Iэмэпсымэхэр зэпкърылъхьэным хуабжьу къыщысэбэпынущ.

УФ-м и Минпромторгымрэ КъБКъУ-мрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, университетыр долажьэ «Титан. Полимер. Инжиниринг» IуэхущIапIэм. Абы и мызакъуэу, КъБКъУ-мрэ «Титан. Полимер» заводымрэ 2026 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тетуи ирагъэкIуэкI щIэныгъэ-технологие къэхутэныгъэхэр. А зэдэлэжьэныгъэхэм я фIыгъэкIэ Урысейм дяпэкIэ къыщIигъэкIынущ гъущIым хуэдэу быдэу, ауэ куэдкIэ нэхъ псынщIэу, мафIэм имыс полимерхэр.

- Зи гугъу тщIы полимерыщIэм ехьэлIа тхылъ Iуэхухэр зэфIэкIащ, патент тетлъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэлIхэр дуней псом къыщацIыху, пщIэ къыщыхуащI, я къэхутэныгъэфIхэмкIи цIэрыIуэщ. Абыхэм утыку кърахьэ полимерыщIэхэм я фIагъкIэ, быдагъкIэ къалъэщIыхьэн куэд щыIэкъым. Дэ хуабжьу дыщогуфIыкI дызэрызэдэлажьэм, гугъэшхуэхэри догъафIэ, - жиIащ Орлов Александр, «Титан. Полимер. Инжиниринг» IуэхущIапIэм и унафэщIым.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Гу зылъитэ куэдым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ захуэу, жьэнахуэу тепсэлъыхьыф-тетхыхьыфхэм, ар екIуу зэпкърызыхыфхэм ящыщ зыщ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и доцент Абазэ Албэч. Иджыблагъэ абы редакцэм къытхуигъэхьащ зы тхыгъэ щIагъуэ, ар зытеухуам и Iэдакъэщ|ЭкI зы Iуэтэжи щIыгъуу. Тыркум щыпсэу тхакIуэ КIэрэф Эрол и гуащIэмрэ и гъащIэмрэ, зи гугъу тщIы лэжьыгъэм гъэхуауэ тепсэлъыхь тхыгъэр нобэ тыдодзэ. МакъкIэ трегъэтхауэ фIэкIа щымыIа «Нанэ цIыкIу» Iуэтэжыр Албэч триткIыжащи, зэгуэр абыи гъуэгу игъуэтыну ди гуапэщ.

Адыгэгу зыкIуэцIылъ тхакIуэ

«ЦIыхухэм пщIэнтIэпсымэ,
ятIэмэ дахэ къакIирихт.
Бзэ, хабзэ, щэн, нэмыс
гугъу ящI зэпытт.
ПщIэ зыхуумыщIыфын хуэдиз щIэин
къытхуагъэнат.
Иджы дэ, щIэиншхыжьхэм,
тIэщIошхыхь
МащIэ-мащIэурэ а щIэин лъапIэр...»

КIэрэф Эрол



КIЭРЭФ Эрол 1953 гъэм Тырку Республикэм и Къайсэр къалэм къепха Узун-Йайла жылагъуэбэхэм хыхьэ Ениассипинар (Жаныкъуей) къуажэм къыщальхуащ. ПэщIэдзэ еджапIэр и къуажэм, курыт еджапIэмрэ лицеймрэ - Къайсэр къалэм къыщиуха нэужь, Анкара къалэм агроном щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Пенсэ кIуэхукIэ пхъэщIапIэ иIащ.

Эрол унагъуэшхуэм къыщыхъуащ, ахэр задэлъхузэшыпхъуу блы мэхъу. Я унагъуэм и хьэщIэщыбжэр Iухауэ зэрыщытам и фIыщIэкIэ, и нэгу куэд щIэкIащ, куэди зэхихащ адыгэ лъэпкъымрэ адыгэ хабзэмрэ теухуауэ. Ахэр игъэлъапIэу нобэр къыздэсым игу илъщ, икIи хъугъуэфIыгъуэшхуэу тхакIуэм ди зэманым къихьэсащ.

2016 гъэм тыркубзэкIэ къыдэкIащ «ХьэщIэщ хъыбархэр» зыфIища тхылъыр. ЩIэупщIэ зэриIэм къыхэкIыу, ар тхуэнейрэ къыдагъэкIыжащ. 2018 гъэм «Хъыджэбз хьэщIэхэр» зыфIища нэгъуэщI зы лэжьыгъэшхуи дунейм къытехьащ. Сэ нобэ и гугъу сщIыну сыхуейщ Эрол «Нанэ цIыкIу» зыфIища и новеллэм.

Мы тхыгъэ щIэщыгъуэр теухуащ Тыркум щыпсэу адыгэ нанэ цIыкIум и щхьэ кърикIуа зы Iуэхум. Япэ напэкIуэцIхэм къызэрыхэщымкIэ, Нанэ цIыкIу и Iуэхухэр Iейкъым: къуищрэ нысищрэ иIэщ, хъарзынэу мэпсэу. Мэл, Iэщ, джэдкъаз я куэдщ, зыхуей ягъуэт. Нанэ цIыху гуапэщ, щабэщ, цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъуным яужь итщ. Псалъэ Iей жиIауэ игъащIэм зэхахакъыми, къуажэдэсхэм фIыуэ къалъагъу, пщIэшхуэ къыхуащI. Абы и къуэ БаIудин я жылэм дэт пэщIэдзэ еджапIэр къэзыуха и къуитIым я щIэныгъэм хигъэхъуэну, къалэм щригъэджэну мурад ищIат. Ауэ, абыхэм якIэлъыплъыну, Нанэ цIыкIуи ямыгъусэу хъунутэкъым. Зэрыкъуажэу ахэр ирагъажьэ, кIэлъокIуатэ. Псоми къалэм здахьыну гуэрхэр къыхуахь, къыхуаший, къохъуэхъухэр. Мыбдежым адыгэхэр зэрызэрыIыгъым, фIыуэ зэрызэрылъагъум гу лъумытэу къанэркъым.

Новеллэм и лIыхъужь нэхъыщхьэщ Нанэ, абы и къуэ БаIудин, и къуэрылъхухэу Хьэсэнрэ Хъусенрэ. Гугъу ехьу къэтэджа, щIэныгъэ зригъэгъуэтыну зи насып къимыкIа БаIудин хущIокъу и щIалитIыр иригъэджэну, цIыхушхуэ абыхэм къищIыкIыну мэхъуапсэ. Абы и гупсысэр зытеухуар зыщ - адыгэбзэр пщIэми, нэгъуэщI бзэхэри зэбгъэщIэну зэранкъым.

Нани и къуэрылъхухэм я Iуэхур нэхъыфI зэрыхъуным хущIокъу, ятеплъэкъукIыркъым, фIыуэ зэреджэри елъагъу. Ди нэгу щIокI Нанэ щхьэх зищIысыр зэримыщIэр, и бынхэм теухуауэ зыри хьэкъ къызэрытемынар. Хьэсэнрэ Хъусенрэ нэмыщI, Нанэ иIэщ къуэрылъху, ауэ ахэр и щыпэлъагъуищи, зыми яхуигъадэркъым. Къалэм щеджэ щIалэхэм тыркубзэр зрагъащIэ, иропсалъэ, хуэмурэ «акцент» гуэрхэри я бзэм игъуэту щIедзэ, ауэ Нанэ ар фIэкъабылкъым икIи ирипсалъэркъым. Мыбдежым щынэрылъагъущ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ бзэм зэрыхущытыр зэрызэхуэмыдэр.

Хьэсэнрэ Хъусенрэ я зэхуаку илъэс куэд дэлъкъыми, зэныбжьэгъум хуэдэу зэхущытщ, фIы дыдэуи зэгурoIуэ. Абыхэм «адыгэбзэр» къагъэнэн зэрыхуейр къохьэлъэкI, ауэ адэм и хъуэпсапIэр ягъэзэщIэнуи яужь итщ. Ухэхэсмэ, уи Хэкужь уимысыжмэ, уи бзэкIэ щIэныгъэ зэбгъэгъуэтыну хэкIыпIэ уимыIэмэ, лъэпкъым и дэтхэнэ зы цIыхуми - ирехъу ар балигъи сабии - я щхьэ мыгъуагъэ Iэджи кърокIуэ.

Къалэм нэса нэужькIи, я Iуэхухэр хъарзынэ дыдэу зэтраухуэ. Уни бэджэнду къахуещтэ БаIудин. Нанэ цIыкIу фIы дыдэу къалъагъу и тырку гъунэгъухэм, гуапэу къыхущытщ, уеблэмэ шхын гуэрхэри къыхуахь. Ауэ езыми и къуэрылъхуитIми яфIэIэфIкъым а шхынхэр. Нанэ тхьэмыщкIэр нэщхъей щIэхъуар, зикI, къахуэщIэркъым щIалэхэм.

Тхыгъэм хэт лIыхъужьхэм я псэм хьэзабу телъщ я бзэкIэ хуиту зэпсэлъэн гъунэгъурэ ныбжьэгъурэ къалэм зэрыщамыIэр. МазитхукIэ адыгэбзэ зэрызэхимыхам, и бзэкIэ зэпсэлъэн зэримыгъуэтым нанэр сымаджэ ирохъу. Нанэ цIыкIу и образымкIэ тхакIуэм дегъэлъагъу дэнэ щIыпIэ ущыIэми, сыт хуэдэ фIыгъуэм ухэсми, уи щIыпIэ уимысыжыныр, уи бзэкIэ умыпсэлъэныр зэрыхьэлъэр. И гъунэгъухэм сыт хуэдэ гулъытэ къыхуамыщIми, и бзэкIэ къепсэлъэн цIыху къелъыхъуэ. ИкIи щIэхыу ар къохъулIэ.

Жыжьэу пырхъуэ (балкон) гуэрым деж щызэрихьэлIауэ адыгэ фIэхъус зэзыха цIыхубзитIыр къызэрилъагъуу, анэшхуэр щIэпхъуащ, ахэр къигъуэтын гугъэ иIэу. Бзылъхугъэхэм я лъыхъуакIуэ ежьэу къалэм щыгъуэща Нанэ уигу щIэмыгъункIэ Iэмал иIэкъым. Гъунапкъэншэу фIыуэ илъагъу и лъэпкъэгъухэм щыщ мыбдежхэм благъэу щыIэу дауэ щысынт - щысыфакъым. ИкIи къигъуэтащ.

Нанэ цIыкIу и теплъэ гуакIуэм етхьэкъу тыркухэр, цIыкIуи ини абы гущIэгъу къыхуащI, къытогузэвыхь. Тыркубзэ къызыгурымыIуэ Нанэ цIыхухэм ящышынэркъым, защигъэпщкIуркъым, абыхэм я фIагъ къызэрекIынур псэкIэ зыхещIэри. ИкIэмикIэжым Нанэ цIыкIу къеуэлIа насыпым игъэпIейтейуэ, дамэ къытекIауэ, мы дунейм цIыхуу тетым япэ иригъэувауэ тхакIуэм и тхыгъэр еух. Дауэ мыхъуми, КIэрэф Эрол хузэфIэкIащ, бзэкIэ зэмыкъуэшми, псэкIэ лъэпкъитIым я цIыхухэр гъунэгъу зэхуищIыну, зэгурыIуэныгъэ щабэ, гулъытэ, цIыхугъэ яку зэрыдэлъыр дигъэлъагъуну.

КIэрэф Эрол и «Нанэ цIыкIур» бзэ дахэкIэ, бзэ къулейкIэ тха хъуащ. Iуэхур Узун-Йайла и зы адыгэ жылэ щыщIедзэри, къалэм щеух. АбыкIэ тхакIуэм къыдгурегъаIуэ къуажэдэсхэм къалэдэсхэм щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи зэрызыдаужьыр. Зэманыр зыхуэдам куууэ ухимыгъаплъэми, адыгэбзэ дахэм узыIэпешэ, уетхьэкъу, езы тхыгъэм ухэту зыкъыпфIегъэщI. ТхакIуэм къигъэсэбэпа художественнэ Iэмал дахэхэм удахьэх. Тхыгъэм къыщыхъу къэхъукъащIэхэр, ахэр къыщекIуэкI щIыпIэр, цIыхухэм я псэукIэр, зэхэтыкIэр, зэрызэпсалъэ бзэр, зэхущытыкIэр IупщIу дегъэлъагъу.

КIэрэф Эрол и новеллэмкIэ фIы дыдэу къэгъэлъэгъуащ уи анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъ лъапIэ, абы ипэ къибгъэувэн бзэ мы дунеишхуэм зэрытемытыр. Бзэр ещхьщ Iэмэпсымэм. Iэмэпсымэр къыумыгъэсэбэпмэ е дзагуэ хъунущ, е улъиинущ. Бзэм дежкIэ нэхъ шынагъуэ дыдэр абы уримыпсэлъэнырщ.

Тхыгъэм къыщыгъэсэбэпа зэпсэлъэкIэм къалэн пыухыкIахэр ягъэзащIэ, абы и мызакъуэу Нанэ цIыкIу и бынхэм, къуажэдэсхэм, нысэхэм, гъунэгъухэм яжриIэм, абы жэуапу кърэтыжхэм узыIэпишэу ущIодэIу.

Адыгэ шхынхэкI зыбжанэми я цIэхэр къыщокIуэ мы тхыгъэм. Псалъэм папщIэ, тхъу гъэвэжа, лы гъэгъуа, хьэжыгъэ, кхъуей жыхуиIэхэр. Новеллэм и кIэм деж нэхъ кууэ къыхощ хэхэс адыгэхэм тырку щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр къазэрыхущытыр, Нанэ цIыкIу щыкIуэдам абы къыдэIэпыкъуащ тыркухэр, хамэ лъэпкъыу щытми, цIыхур утыку кърaнакъым. Адыгэбзэ къызыгурыIуэ къагъуэтри Нанэ цIыкIу и гур къызэрагъэгуатыжащ. Апхуэдэ зэхущытыкIэ лъэпкъитIым къыхэкIахэм я зэхуаку зэрыдэлъыфынур хуабжьэу гуапэщ. Нанэ адыгэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ мы тхыгъэм къыхэщыж лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ псоми щапхъэ трахыпхъэщ.

«Нанэ цIыкIу» новеллэм къыхощыж адыгэ хабзэм щыщ зы теплъэгъуи. Ар зэхьэлIар адыгэ зэанэзэпхъум я Iэ убыдыкIэмрэ IэплIэ ешэкIыкIэмрэщ. ГъэщIэгъуэныр а тIум IэплIэ щызрашэкIыкIэ, я Iупэр тхьэкIумэм гъунэгъу хуащIурэ зэрызэIущащэрщ. Абы зыгуэр сигу къигъэкIыжащи, жысIэжынут.

Си егъэджакIуэ, ущиякIуэ, си лэжьэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъанхэ я къуажэ Хьэтуей тIэкIу дыщыщысыну зэгуэр дежьат. Дэ япэ дищри, абы и анэм дыщIэупщIэну къуажэм дэс и шынэхъыщIэм и пщIантIэм дыдыхьащ. Драгъэблэгъа къудейуэ, езы Ахьмэдхъани, дэ дыкъилъыхъуэу, ныдыхьэжащ. Быным я нэхъыжь Ахьмэдхъан и анэр зыщIэс лэгъунлейм къыщыщIыхьэм, анэм абы зыри жримыIэу зыкъытриIэтыкIащ. Ахьмэдхъани и анэм псынщIэ дыдэу, жыIэ лей хэмылъу, щабэу IэплIэ иришэкIащ. Анэр къэIэбэри, и тхьэкIумэ кIапэмкIэ къуэм и щхьэр ихьащ, IэпхъуамбэпщымрэIэпхъуамбэшхуэмрэкIэ иубыд хуэдэу ищIащ. Анэмрэ къуэмрэ фIэкIа къагурымыIуэ сэлам хыкIэ щхьэхуэу сыIуплъат абы.

КIэрэф Эрол и «Нанэ цIыкIу» новеллэм хэхэс адыгэхэм я пасэрей бзэм щыщ хыдолъагъуэ. Щапхъэу къэпхь хъунущ мыпхуэдэ псалъэхэм я IукIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэри: фIэщIа**с** - фIэщIа**щ**, аг'ьэм - ахэм, емыгуп**щ**ысу - емыгу**п**сысу, иг'ири - иджыри, ады**h**ебзэ - ады**г**эбзэ, ипэ **чI**ыщIэ - ипэ щIы**кIэ**, **г'ь**эзаб - **хь**эзаб, задэу - занщIэу, нан**ей** - нанэ, сыма**гэс** - сыма**джэщ**, уилажьэ**I**ым-уилажьэ**къ**ым, гъуэ**й**у - гъуэ**г**ыу, зи**и**сри - зи**щI**ысри, жи**йг'**ьэм - жы**г**хэм, ады**е** - ады**г**э, лъа**йе**хэр - лъа**г**эхэр, блы**г**абэ - блын**дж**абэ, зий - зыри, зэб**й**ркIыжу - зэб**г**рыкIыжу, куэшыжащ - Iэпхъуэжащ, зэзышэ**к'** - зэзышэ**кI**, шэк' хэмылъу - шэ**ч** хэмылъу, н. къ.

КIэрэф Эрол и IэдакъэщIэкI «Нанэ цIыкIу» новеллэр дэтхэнэ зыми игу зэрыдыхьэнум, къыщыхъухэр псэкIэ зэрызыхищIэнум шэч хэлъкъым.

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

● Тхыдэмрэ щIыуэпсымрэ

БлэкIа жыжьэм и щIэин телъыджэ



Къухьэпlэ Кавказым хы ФIыцIэмкIэ гъэза и ныджэ цIыкIухэм ящыщу Кхъуэлоухъуэ (Колихо) жыхуаIэм (ТIуапсы къалэм и Iэхэлъахэщ) къыщешха гъатхэ уэшхым гуилъэсыкIа щIы щхьэфэм и лъабжьэм щIэлъу къыщалъэгъуащ алъандэрэ щыIащымыIами зыхамыщIыкIа испы унэ телъыджэ.

САНКТ-ПЕТЕРБУРГ къикIауэ, ТIуапсы и Iэгъуэблагъэм археологие щIытIхэр щезыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэм я деж къыIухьат а щIыпIэм пэгъунэгъуу щыс Агуий-Шапсыгъ жылэм дэс Махуэджэл (Мафагел) Дамир. ЗэрыжиIамкIэ, Кхъуэлоухъуэ псыр щежэх ныджэм ар щрихьэлIащ абы ипэкIэ зэи ямылъэгъуа испы унэ гъэщIэгъуэн гуэрым. ЩIалэм къажриIам щIэдэIуа IэщIагъэлIхэр, замыгъэгувэу, зи гугъу ищIа а щIыпIэм нызэрыхьэсащ: хъунщIакIуэхэр зылъэмыIэса испы унэ къагъуэтыныр археолог куэдым я хъуэпсапIэщ.

Махуэджэлыр зэрымыщIэкIэ Кхъуэлоухъуэ деж зыщыхуэза испы унэжь зэтракъутэну зыхунэмысам и кIуэцIым археологхэм къыщагъуэтащ домбеякъ лIэщIыгъуэхэм псэуахэм я хьэдэкъупщхьэхэмрэ укъызэмыджэжыф тхыпхъэщIыпхъэ телъыджэхэр зытет мывэ джафэ хъурейрэ. АбыкIи щIэх дыдэу хъыбар лъагъэIэсащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Щэнхабзэм и тхыдэмкIэ и институтым щылажьэхэм.

ЯтIагъуэ-пшахъуэрэ мывэу зэхэзэрыхьа, метри 3 зи кууагъ щIыр зэбгратхъуу дунейм къытрагъэхьэжа испы унэ цIыкIум и кIуэцIым а мывэр илъащ. БлэкIа жыжьэм и щIэин апхуэдэ хьэпшып къызэрымыкIуэр, цIыху емыIэбу, ди зэманым къызэрысар телъыджэщ. Геологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мыбдежым илъэс мини 4 ипэкIэ щIыр щысысагъэнущ. Арагъэнущ испы унэр щIэзыхъумари, цIыху лъэмыIэсу къыщIызэтенари.

«Мы къэхутэныгъэр къызэрыдэхъулIар дэркIи фIыгъуэшхуэщ, - къыхегъэщ археолог-тхыдэдж Трифонов Виктор. - ЩIытI лэжьыгъэхэр къыщедгъэжьэм, нэхъыбэу дызэжьар лъэхъэнэ жыжьэхэм псэуахэм я гъащIэм теухуауэ дызрихьэлIэ хабзэ хьэпшып цIыкIухэр къэдгъуэтынырт.

Ауэ щыхъукIи, нагъыщэ зэхэщIыкIыгъуейхэр зытрагъэмба-зыхаIущIыхьа мывэ пхъэбгъу хъурейр къызэрыдгъуэтар тхыдэ щIэныгъэм сэбэп хуэхъун Iуэхущ. АтIэми, зищIысыр иджыри тхузэхэмыгъэкIа лъэпкъым щыщхэм къытхуагъэна, алыфбей мыгурыIуэгъуэхэмкIэ зэхагъэува тхыпхъэщIыпхъэхэм къарыкIыр зэхэгъэкIынри тыншкъым. БлэкIам къызэринэкIа, сантиметр 27-рэ зи бгъуагъ хьэпшыпым тещIыхьа нагъыщэхэм я мыхьэнэр зыгурыгъэIуэным щIэныгъэлIхэр мы зэманым зэдогугъу».


«Ауэ щыхъукIи, ди гупым хэтхэм къызэрытлъытэмкIэ, нагъыщэхэм яхэтщ дыгъэмрэ мазэмрэ къызэрыкIхэр, езы мывэ пхъэбгъу цIыкIури тхьэгурымагъуэ-гъуазэрыплъэ (астральнэ) хьэпшыпу зэрыщытамкIи дыщыхьэтщ. Ар нэщIысауэ нэрылъагъу щытхуэщIынур тхыпхъэщIыпхъэ псоми къарыкIыр зэхэдгъэкIа иужькIэщ. Абы щхьэкIи дэ гъуазэ тхуохъу Iэгъуэблагъэр ижькIэрэ зи хэщIапIэу къекIуэкIа абхъаз-адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэри», - къыпещэ и псалъэм Трифоновым.

Санкт-Петербург къикIауэ, ТIуапсы и Iэгъуэблагъэм щIытI лэжьыгъэхэр щезыгъэкIуэкIахэм зи гугъу тщIы испы унэм и кIуэцIым абы щыгъуэ къыщагъуэтат цIыхухъу, бзылъхугъэ, сабийуэ 70-м нэблагъэм я хьэдэкъупщхьэхэр. Углерод къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэнэIуамкIэ, а мывэ дум «щIыщIалъхьэжахэр» дунейм щехыжар зы лIэщIыгъуэм къриубыдэутэкъым, атIэ илъэс мин никъуэм къитIасэут, апхуэдэ къыщыхъуари ди лъэхъэнэр (эрэр) къэунэхуным илъэс 2000-3000 и пэ къихуэут.

Дызэрыт лъэхъэнэм а мывэ дум ущыIуплъэ хъунущ ди къэралым и щыхьэрым, Москва и Утыку Плъыжьым къедза Тхыдэ музейм и пэшышхуэхэм ящыщ зым. Абдежым абы щызэрихьэр «Дольмен Колихо» фIэщыгъэрщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

● Туризм хъыбархэр



Япэм щымыIа бжыгъэхэр

2026 гъэм и щIышылэм - фокIадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу мелуан 1,561-рэ къэкIуащ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,5-кIэ нэхъыбэщ ар. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу хьэщIэ нэхъыбэ здэщыIар Шэджэм районырщ. Абы зыщызыгъэпсэхуахэм, зыщызыплъыхьахэм я бжыгъэм процент 20-кIэ хэхъуащ. Абы къыкIэлъыкIуэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIа туристхэм я бжыгъэр процентн 4,5-рэ нэхъыбэ хъуащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, туристхэр щыкуэдщ псы хущхъуэхэр къыздыщыщIэж щIыпIэхэм, псалъэм папщIэ, «Янтарнэ», «Джэдыкъуэ» зыгъэпсэхупIэхэм хуэдэхэм.

Мыдрейуэ, Налшык къалэм къакIуэ зыплъыхьакIуэхэм я бжыгъэми илъэс къэс къыхэхъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2025 гъэм ди къалащхьэм щыIа туристхэм я бжыгъэм елъытауэ мы гъэм ар процент 41,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэуи Iуащхьэмахуэ лъапи хьэщIэхэм сыт хуэдэ зэмани я кIуапIэщ, мы гъэм зэрыщIидзэрэ абы щыIащ туристу мин 947-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэпсэхуну, зыщызыплъыхьыну къакIуэхэм я бжыгъэм къыщIыхэхъуэм я фIыгъэ куэд хэлъщ щIыналъэм и турист, къалэ инфраструктурэхэр зэрырагъэфакIуэм, абыхэм зэрызрагъэужьым, щалэжь Iуэхутхьэбзэхэм фIагъ лъагэ зэраIэм. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, ди республикэм и щIыпIэ телъыджэхэм, щэнхабзэ-тхыдэ щIэинхэм ямытхьэкъун яхузэфIэкIыркъым, щыжаIащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.

Къэралым щыетIуанэщ

Туристхэм папщIэ щыIэ «YouTravel.me» маркетплейсым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым етIуанэ увыпIэр къэралым щиIыгъщ цIыхухэм зыщагъэпсэхуну нэхъыбэрэ къыхах щIыналъэхэмкIэ. Ар наIуэ къэхъуащ мы гъэм и гъэмахуэ лъэхъэнэм.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, 2026 гъэм гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ туристу мин 300-м нэблагъэ. ШыщхьэуIу мазэ закъуэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ цIыху мин 85-м щIигъум. Апхуэдиз бжыгъэ ди республикэм япэм зэи щыIакъым, уеблэмэ а щIыпIэм туристхэр щынэхъыбэ щIышылэ мазэми ар ефIэкIащ.

Дызыхэт илъэсым и япэ Iыхьэ ныкъуэм республикэм къэкIуащ туристу мин 934-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 2,4-кIэ нэхъыбэщ ар.

Зэрыхабзэу, ди щIыналъэм и хьэщIэхэм хуагъэлъагъуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ, Шэджэм, Шэрэдж аузхэм я турист экологие лъэс лъагъуэхэр, альпинист, треккинг программэхэр, нэгузыужьыгъуэ щагъуэтыну нэгъуэщI щIыпIэ телъыджэхэри.



МЭРШЭН Батыр.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗыхущIэкъур мамырыгъэщ

УФ-м и Президент Путин Владимир жиIащ Урысейр, Украинэр, США-р зыхэт лъэныкъуиц зэпсэлъэныгъэщIэхэм я къалэныр зэныкъуэкъур зи яку къыдэхъуа къэралитIым къэкIуэнум я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэнрауэ зэрыщытыр.

«ДЭ дыхьэзырщ лъэныкъуищ зэпсэлъэныгъэхэм пытщэжыным, - жиIащ къэралым и УнафэщIым, - пIалъэ гуэрым тещIыхьауэ мыхъуу, зэман кIыхькIэ мамыр зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэтщIылIэным теухуа зэгурыIуэныгъэм къеувалIэмэ».

Урысейм и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Ушаков Юрий къыхигъэщащ къэралищыр зыхэт зэпсэлъэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну зэхыхьэщIэр Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби щэкIуэгъуэ мазэм щызэхэтынкIэ зэрыхъунур.

Ерыскъы пщтыркIэ къызэрагъэпэщ

Урысейм и курыт школхэм я класс нэхъыщIэхэм щеджэ псори пщIэншэу ерыскъы пщтыркIэ къызэрагъэпэщ. Абы папщIэ зыхуеину псомкIи яузэдащ пщэфIапIэхэри шхапIэхэри.

«АПХУЭДЭ лэжьыгъэхэр щокIуэкI къэралым и щIыналъэщIэхэми. Къапщтэмэ, Херсон, Запорожье областхэр иджыпсту жыджэру зэфIагъэувэж, Урысейм и Правительствэм абы щегъэзащIэ зыужьыныгъэмкIэ программэ зэхэт. Абы хохьэ ерыскъыхэкIхэр зэрахъумэ техникэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм шхын пщтыр щагъэхьэзыру Iуэхур зэтеублэныр. Унафэ къэтщтащ а щIыналъэхэм Iуэхум текIуэдэну мылъкур яхухэтхыну», - жиIащ Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Премьер-министрым къыхигъэщащ а ахъшэмкIэ школ, сабий сад 50-м я пщэфIапIэхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпу 800-м нэблагъэ къызэращэхуфынур.

Жэпуэгъуэм и 27,
гъубж

♦**Аудиовизуальнэ щIэиныр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Гимнастикэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1940 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр драмэ театрхэр.
♦**1951 гъэм** лыших узыфэм ебэныным япэ дыдэу къыхуагъэсэбэпащ радиацэ бзийхэр.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист **Къамбий Джэфар**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 28,
бэрэжьей

♦**Анимацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я дзэ авиацэм и махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр**
♦**1900 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик **ЩоджэнцIыкIу Алий**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир**.
♦**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал политикэ лэжьакIуэ, КъШР-м къэрал къулыкъур зехьэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Астэжь Францескэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

КЪЫТХЭХЪУАЩ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 13. Абыхэм ящыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 6-р щIалэщ.

Жэпуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 562-рэ, илъэсым и пщIэдзэм щегъэжьауэ 7125-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зым ищIэр щэхущи, тIум ящIэр нахуэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Горянка», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Горянка» газетым жэуап зыхь и секретарь **КъарэцIыкIу ФатIимэ Билал и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **КъарэцIыкIу Билал Хьэзиз и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэрал хабзэмрэ динымрэ

Ди зэманым и нэщэнэ хъуа Iуэхугъуэхэм язщ цIыхум нэхъыфIу зыдилъагъуж псори адрейхэм я нэм щIиIуныр. Ар шхыным, щыгъыным, щхьэцым, Iэбжьанэм, зэхущытыкIэ гуапэм, щIэныгъэм, унагъуэм щытеухуам дежи, щIагъуэу пхужыIэнукъым. Ауэ дин зезыхьэхэм я тхьэ хуэпщылIыкIэмкIэ ардыдэр къагъэхъуну щыхуежьэм деж, езым щапхъэ игъэлъагъуэ къыфIэщIу щытми, Iуэху мыхъумыщIэ куэд кърокIуэ. Апхуэдэхэм дыхуагъэсакъ нобэрей къыдэкIыгъуэм зи еплъыкIэхэр къыщытхьа щIэныгъэлIхэу Шахов Михаил Олег и къуэмрэ Щхьэныкъуэ Анзоррэ.



Укъэзылъагъухэр умыгъэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къызэригъэпэщауэ, жэпуэгъуэм и 6-м екIуэкIа щIэныгъэ конференцым теухуа хъыбар жэпуэгъуэм и 8-м къыдэкIа номерым къытехуауэ щытащ («Адыгэ псалъэ», №121, «Дызытет лъагъуэр хремыгъуащэ»). Абы къыщыпсэлъа жылагъуэ лэжьакIуэ, гупсысакIуэ, къэралымрэ динымрэ зэрызэдекIуэкIыр зыдж щIэныгъэлI Шахов Михаил и къэпсэлъэныгъэм нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ фытщIыну дыхуейт нобэрей къыдэкIыгъуэм.

ШАХОВЫР нэхъыбэу зытепсэлъыхьар дин зехьэкIэмрэ къэрал хабзэмрэ щызэпэщIэуэ щытыкIэхэрщ, муслъымэным и къалэнхэр щигъэзащIэкIэ, ар зэрымыщIэкIэ щIагъэкъуэншэнкIи хъунур къызыхэкIыр зэпкърихыу.

«Совет зэманым сыт хуэдэ динри кIыфIыгъэм и нэщэнэу къалъытэу щытащ, - жиIащ щIэныгъэлIым. - А лъэхъэнэр иухри, 90 гъэхэм динри, диныншагъэри, экстремизмэм ухуэзышэ къыхуеджэныгъэхэри зы лIэужьыгъуэу къалъытэри, псори зэхэзэрыхьауэ щытащ. А щытыкIитIми елъытауэ, ди къэралым хабзэ щхьэпэ зыбжанэ къищтащ, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэну зэримурадыр наIуэ къищIу. Ауэ зэзэмызэ ягъэкъуаншэхэмрэ зыгъэкъуаншэхэмрэ щызэгурымыIуэ къохъу, зы лъэныкъуэр хабзэр зэрытха дыдэм тетыну хэту, адрейм мурад Iей зэримыIамкIэ зиухеижу.

2015 гъэм хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэм ипкъ иткIэ, дин зэгухьэныгъэкIэ зэджэж гупыр учётым увын хуейщ. А хабзэ дыдэм цIыхур хуит ещI зыми хэмыхьэуи дин зэрихьэну. Ауэ щыхъукIэ, 2025 гъэм муслъымэн зэгухьэныгъэ куэд ягъэкъуэншащ къэрал учётым зэрымыувамкIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, хабзэм щыуагъэншэу къигъэлъагъуэркъым дин зезыхьэ цIыху зыбжанэм зэгухьэныгъэ цIэ игъуэту, учётым мыувынкIэ Iэмал имыIэу щыхъу бжыгъэр».

Щапхъэхэр къихьурэ, Шаховым лъэныкъуитIми я еплъыкIэр зэпкърихащ: «Зы хьэдзэр самэкъым, хьэдзищыр самэкъым, дэтхэнэ хьэдзэм щегъэжьауэ хьэдзэ зэтетхъуахэм самэкIэ ущеджэнур? Мыбдежым «гуп» псалъэм и мыхьэнэм докIуалIэ. ЗэщхьэгъуситIым я бынхэр я гъусэу унэм нэмэз щащIмэ, КъурIэным еджэмэ, ахэр «дин гуп» хъурэ? Е абыхэм я деж зы гъунэгъу е тIу къыщIохьэри, къахохьэ. Дэнэ деж абыхэм тезыр къащытехуэ щытыкIэм щыщIидзэр, кIуэуэ дин зэгухьэныгъэ къызэрыунэхуамкIэ хъыбар ирамыгъэщIэну хуимыту? Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыпхуэдэ щытыкIэхэм иджыри жэуап пыухыкIа яIэкъыми, ущIызэдауэ хъуну куэд къохъу».

Суд пащхьэм ирашахэм я щапхъэ зыбжани къиихьащ Шаховым. Псалъэм папщIэ, студентхэм я зыгъэпсэхугъуэм деж еджапIэм нэмэз щащIати, «учётым щымыт дин зэгухьэныгъэ» фIащри, ягъэкъуэншащ. Ардыдэр IуэхущIапIэ гуэрым щыщ цIыху зыбжанэм къащыщIащ. ЩытыкIэ зэIумыбзхэр къохъу, зыгъэкъуаншэри хабзэм темыкIауэ, цIыхухэми экстремизмэ Iуэху зэрамыхуэ пэтми, апхуэдэ къуаншагъэ къалэжьауэ. Зэгъусэу нэмэз ящIыну зэрыхуитым тращIыхьри, учётым мыувауэ. «ЦIыху зыбжанэм «дин гуп» яфIэпщ щыхъунумрэ щымыхъунумрэ теухуа зэдауэр тIэунейрэ Конституцэ судым нэсауэ щытащ, убзыхуауэ хэкIыпIи игъуэтакъым, - жеIэ Шаховым. - Ауэ сэ муслъымэнхэм я пащхьэм ситу сыщыпсалъэкIэ, чэнджэщ ест хабзэщ, гуп фIэпщын хуэдэу цIыху зыбжанэ зэуIуамэ, абыкIэ хъыбар ебгъэщIэнур, учётым уувыныр зэрынэхъыфIымкIэ. Ар апхуэдэ дыдэу гугъукъым. Къэралыр дин зэгухьэныгъэхэм декIуэкIыну хьэзырщ. Хабзэми щIригъэлеин щыIэкъым: гуп зыфIамыщыжу, цIыху зыбжанэм Конституцэмкlэ дин зэрахьэну хуитщ. А проблемэр щыIэщ, и Iуэху зехуэн хуейщ».

АдэкIэ щIэныгъэлIыр тепсэлъыхьащ «миссионер лэжьыгъэ» жыхуаIэм. Дин къыхуеджэныгъэм епха мы хабзэр къащта нэужь, къэунэхуа упщIэр мыращ: сыт миссионер лэжьыгъэу, дин къыхуеджэныгъэу убжынур?

ФIэщхъуныгъэмрэ динымрэ епха хабзэр къыщащтэм щыгъуэ, убзыхуауэ жиIауэ щытащ Тхьэм теухуа псалъэмакъ псори зэуэ къыхуеджэныгъэ зэрымыхъур. ЦIыхуитI зэпсалъэрэ, зым адрейм и фIэщхъуныгъэр зэрыпэжыр къыгуригъэIуэну хэт къудеймэ, ар къыхуеджэныгъэкъым. Хабзэм IупщIу къыджеIэ: «Миссионер IуэхукIэ узэджэнур дин зэгухьэныгъэм цIыху нэхъыбэ къыхишэну зи мурадым иригъэкIуэкI псалъэмакъырщ». Дин зэгухьэныгъэ щымыIэмэ, къыхуеджэныгъи щыIэкъым. НанитI мафIэгум ису зэдэуэршэррэ пэт, тIум я зыр и диным тепсэлъыхьмэ, ар къыхуеджэныгъэкъым. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, хабзэ зезыхьэхэм ар щызэхамыгъэкI къохъу, ягъэкъуаншэр цIыху щхьэхуэрэ дин зэгухьэныгъэрэ щIэмыупщIэу.

«УФ-м и Жылагъуэ палатэм зэхуэсышхуэ щекIуэкIауэ щытащ накъыгъэм: «Диныр. Хабзэр. Къэралыр». Абыи щытепсэлъыхьащ иджыпсту зи гугъу сщIы Iуэхугъуэм, - пещэ Шаховым и гупсысэм. - Административнэ щIэпхъаджагъэу къалъытауэ, цIыху зекIуапIэм нэмэз щызыщIахэр пщIы бжыгъэкIэ ягъэкъуэншауэ къыщIэкIащ. Абыхэм яхэтщ зи закъуэу нэмэз зыщIахэри.

Зи закъуэу нэмэз зыщI цIыхум ищIэр дин къыхуеджэныгъэу къалъытэри, апхуэдэ хуитыныгъэ къозыт дэфтэр щумыIыгъкIэ, укъуаншэщ, жаIащ хеящIэхэм. Хабзэм и лъэныкъуэкIэ, а Iуэхури зэIумыбзу къонэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2025 гъэм муслъымэнхэр щынэхъ мащIэ щIыпIэхэм апхуэдэ къыщыхъуащ: Челябинск, Самарэ, Оренбург областхэм, Симферополь, нэгъуэщI щIыпIэхэм. УпщIэ иратащ: сыт хуэдэ дин зэгухьэныгъэ а вгъэкъуаншэхэм цIыхухэр зыхашэну хэтар? Жэуап кърататакъым. Зы хеящIэр «Ислъам» зэгухьэныгъэм хишэну хэтащ жиIэри, утыкум къикIащ. Ари гурыIуэгъуэкъым.

НэгъуэщI зыгуэр мэремым мэжджытым нэмэз щаригъэщIащ жаIэри ягэкъуаншэрти, хеящIэр губзыгъэу бгъэдыхьэри, мыбы «къыхуеджэныгъэ» фIэпщыфынукъым, сыту жыпIэмэ, мэжджытым къекIуалIэ псори армырами муслъымэнщ, яжриIащ.

Зы лъэныкъуэкIэ, пщIэ зыхуэтщI хабзэм и лэжьакIуэхэм щрагъэлей къохъу. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъыщеплъми, муслъымэнхэр щынэхъ мащIэ щIыналъэхэм я гугъу щыпщIкIэ, цIыхухэм къалъагъуу нэмэз зыщI муслъымэнхэм динкIэ ягъэзэщIапхъэ къалэнхэр щагъэзащIэкIэ, абы щыпсэухэм пщIэ зэрыхуащIыпхъэр зыщамыгъэгъупщэмэ, нэхъыфIт.

Щапхъэм и хьэтыркIэ, шыщхьэуIум Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызгъэпсэхуауэ щытащ. Туристхэм папщIэ, абдежым плакатышхуэ щыфIадзауэ фIэлът: «ЗыхуэпэкIэ и лъэныкъуэкIэ, мы щIыпIэм щызекIуэ хабзэхэм фытет. Фи Iэхэр, фи лъакъуэхэр къыщIэщу къэвмыкIухь, щIыналъэм щыпсэухэм пщIэ яхуэфщIи, зыфхуапэ». Муслъымэным нэмэз ищIыну зэрыхуитым шэч хэлъкъым, итIани, нэмэз зыщI цIыху куэдрэ щамылъагъу щIыналъэхэм щыIэу, зекIуапIэм нэмэз ящIыну щыхуежьэхэм ардыдэр зыхалъхьамэ, хъарзынэт, абыкIэ я диным ягу зэрыщагъэкIыр къагурыIуэу».

Ислъамым и нур



ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Мариannэщ**

Нэмэзым утеувэн ипэ



Шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэныкъуэ Анзор и хъутIбэм къыщыхегъэщ и чэзум пщIа нэмэзым къыпэкIуэну псапэр абы хухэпх щIыпIэми зэрелъытар.

СЫКЪЭЗЫГЪЭЩIА Алыхь иным нэхъ пэгъунэгъу сыхъун папщIэ, сыт нэхъ сщIэн, сыт нэхъ злэжьын хуейр жиIэу, зыгуэр щIэупщIэмэ, шэч хэмылъу, япэ дыдэ абы игу къэбгъэкIын хуейр нэмэзращ. Нэмэзыр диным и пкъощ. ЦIыхумрэ Тхьэмрэ зэпызыщIэ кIапсэщ. Муслъымэн пэжым и насыпыр зэпха Iуэхугъуэ дахэщ. Япэ дыдэ жэуап щIихьыжыну лэжьыгъэщ. ЦIыхум и нэмэзыр къыфIэIуэхумэ, Iуэхуу иIэм ар япэ иригъэщIыфмэ, ар насыпышхуэщ. ИкIи и насыпщ нэмэз уахътыр къихьамэ, зи лэжьыгъэр къэзыгъэувыIэу, гъуэгу тетмэ, къызэтеувыIэу, Алыхь Иным и пащхьэ иувэу, ар къезыхьэлIэм. Сыт нэхъ дахэ щыIэ, цIыхур дэнэ щымыIами, и нэмэзыр щымыгъупщэным, и уахътым сыт щыгъуи щIэупщIэным, дэнэ деж си нэмэзыр щысщIа хъуну жиIэу, ар гукъеуэу иIэным нэхърэ? «ЦIыхур зэкIуэкIыгъуафIэу къигъэщIащ, - жеIэ тхылъ лъапIэми. - Iейр къылъэIэсмэ, мэгужьей, фIы къехъулIэмэ, мэнэпсей. Ауэ апхуэдэкъым нэмэз зыщIэху зи нэмэз блэзымыгъэкIхэр».

Зы махуэ къэмынэу нэмэз тщIын щыхуейкIэ, дэнэ дыщымыIами, сыт хуэдэ Iуэху дыпэрымытами, ар тщыгъупщэ щымыхъунукIэ, абы къикIращи, нэмэзыр дэ тщыщ хъуауэ, нэмэзымкIэ дыкъацIыхуу, дызищIысри къащIэу аращ. Арамэ, нэмэзым хъер къызэрыхэтхыр, абы и хьэтыркIэ нэхъыфI дызэрыхъур цIыхум къыддалъагъун хуейщ. Армырамэ, а нэмэзым зы фIы гуэр хэлътэмэ, уэ фIы ухъунт, жедгъэIэнкIи хъунущ цIыхухэм. Уеблэмэ ди нэмэз щIыкIэмкIэ цIыхухэм я гур диным щыдгъэкIынкIэ хъунущ. Мис абы епхыжауэ нобэ зы Iуэхугъуэ гу лъыттэну сыхуейт.

Муслъымэнхэм нэмэзым и Iуэхур Алыхьым псынщIэ тщищIащ. Дэнэ дыщымыIами, щIыпIэ дызытетыр къабзэмэ, нэмэзыр тщIыну хуит дищIащ. А щIыпIэм деж мэжджыт щыIэми щымыIэми. Ар хьэдис лъапIэми къыхощ. Ауэ щIыпIэр къабзэу щытмэ, абы къикIыркъым дэнэ дежи нэмэз щыпщI хъуну. Зыгуэрхэр зэбгъэзэхуэн хуейуэ уи пщэм дэлъщ, нэмэзым утемыувэ ипэкIэ. «Нэмэз щIы» къыбжезыIа Тхьэшхуэм «зэран умыхъу» къыбжиIащ. «ЦIыхум я гур диным щумыгъэкI», - къыбжиIащ. А псори зэпхыжащ. Алыхьым и хьэкъри, цIыхум и хьэкъри къыпфIэIуэхун хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр зэзымыгъэзахуэ муслъымэн куэдым уарохьэлIэ. Езым и нэмэз уахътыр къэсамэ, псори екIуэтэкIыу, и нэмэзыр ирагъэщIын хуейуэ. И хъурейгъкIэ дунейр къызэтеувыIэу, езым къыпэплъэн хуейуэ зыгъэув щыIэщ. Апхуэдэ гупсысэкIэ зэриIэм къыхэкIкIэ, кIуэнурэ утыку дыдэм деж нэмэз щищIынущ. Е цIыху зэблэкIыпIэм деж иувыкIынущ, нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, машинэ зэблэжыпIэм деж увынурэ нэмэз ищIынущ.

Гъуэгущхьэм нэмэз щытщIыныр имыдэу, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и хьэдисым къыхэщащ, абы и купщIэри щIэныгъэлIхэм зэпкърахыжащ. Ар щIимыдар цIыхухэм зэран уазэрыхуэхъуращ. Къинэмыщlауэ, уи нэмэзым нэгъэсауэ уемыгупсысыфу узэрытетращ. Нэгъуэщlу жыпIэмэ, апхуэдэм деж Укъэзыгъэщlам утогупсысыкIри, къигъэщlахэм уегупсысу нэмэзым утетщ. Ауэ уэ уи закъуэкъым къигъэщlам тегупсысыкlыр. А уэ пщIэр зыгъэщIагъуэу, ар хьэдэгъуэдахэу къызыщыхъу псори Алыхьым емыгупсысыжу бощI. Алыхьым къыдита динри яфIэмыфIыжу бощI. Уи нэмэзым и дахагъымкIэ, абы къыхэпх хьэлыфIагъымкIэ диным цIыхухэр гъунэгъу къыхуэпщIын хуейти, ар зэбгъэдзэкIауэ, уи нэмэзымкIэ цIыхухэр бгъащтэу ухъуащ. Уахътыр къихьамэ, зэупщIыж. Мыбдежым гъунэгъуу нэмэз щIыпIэ иIэу пIэрэ, жыIи. Нэмэз щIыпIэ имыIэмэ, зэупщIыж: нэмэз щIыпIэм сынэсыхукIэ е унэм сынэсыжыхукIэ, уахътыр имыкIыну пIэрэ? Уахътыр икIынумэ, егупсыс: нэхъ лъэныкъуэегъэзу, зэран сымыхъуу, гулъытэ леи къысхуамыщIу, щIыпIэ гуэр згъуэтыну пIэрэ? Ауэ псом япэжи апхуэдэ утыку зибгъэхуэн хуейкъым. Уи нэмэз уахътыр къызэрихьэнур, нэмэз щIыпIэ тэмэми зэрумыгъуэтынур пщIэрэ пэт, уэ езым апхуэдэ утыку зибгъэхуамэ, абы и гуэныхьыр уэ къыбохъыж. ИкIи къыздемызэгъ щIыпIэ гуэрым деж ущиувыкIрэ, псалъэм папщIэ, зекIуапIэу, дэкIыпIэу, абы иужькIэ зыгуэрым «мыбдежым щхьэ нэмэз щыпщIа, мыбдежым щхьэ укъэува» къыбжиIэмэ, ар умыгъэкъуаншэу, уи щхьэ гъэкъуэншэж.

Ауэ нэхъыбэм аракъым ящIэр. Нэмэз дагъэщIыркъым, зэран къытхуохъу, муслъымэнхэр фIыуэ дыкъалъагъуркъым, жаIэри, мис апхуэдэ псалъэмакъ мышыухэр ирахьэжьэ. ИпэжыпIэкIэ, апхуэдэхэм деж фIыуэ ямылъагъур динракъым, уи дин зехьэкIэращ.

Нэмэзым япэ дыдэ къыхэтхын хуей хьэлхэм ящыщщ гъэсэныгъэр, хабзэ дахэр, ауэ дэ дызэрымыгъэсар, цIыхухэм пщIэ зэрахуэдмыщIыр нэмэзымкIэ къэдгъэлъагъуэмэ, Алыхьыр зыхуэмей дыдэр къыхэтхауэ аращ абы. Ар къызэрытфIэIуэхур фIы дыдэщ, ауэ нэмэзым и щIыкIэм къарикIуэ Iуэхухэми дегупсысын хуейщ. Демыгупсысауэ зы Iуэху цIыкIу длэжьу, ар Iуэхушхуэ щыхъу щыIэщ. Мэкъу пыпхъуэ псо бгъэсын папщIэ, узыхуейр зы хъуаскIэ цIыкIущ.

Алыхьым нэхъыфIым дыхуишэ. Ди нэмэзыр Алыхьым къытхуихъумэ, дэри а нэмэзым дыхуихъумэ. Диным и пщIэр тIэтауэ, и емыкIуи къэдмыхьауэ, Алыхьталэм и пащхьэ дришэж.

ЩэкIуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.11	06.41	12.00	14.43	16.59	18.39
2, блыщхьэ	05.12	06.42	12.00	14.42	16.58	18.38
3, гъубж	05.13	06.43	12.00	14.41	16.57	18.37
4, бэрэжьей	05.15	06.45	12.00	14.40	16.55	18.35
5, махуэку	05.16	06.46	12.00	14.39	16.54	18.34
6, мэрем	05.17	06.47	12.00	14.38	16.53	18.33
7, щэбэт	05.19	06.49	12.00	14.37	16.52	18.32
8, тхьэмахуэ	05.20	06.50	12.00	14.36	16.51	18.31
9, блыщхьэ	05.21	06.51	12.00	14.35	16.50	18.30
10, гъубж	05.23	06.53	12.00	14.34	16.48	18.28
11, бэрэжьей	05.24	06.54	12.00	14.33	16.47	18.27
12, махуэку	05.25	06.55	12.00	14.32	16.46	18.26
13, мэрем	05.26	06.56	12.00	14.32	16.45	18.25
14, щэбэт	05.28	06.58	12.00	14.31	16.44	18.24
15, тхьэмахуэ	05.29	06.59	12.01	14.30	16.43	18.23
16, блыщхьэ	05.30	07.00	12.01	14.29	16.42	18.22
17, гъубж	05.32	07.02	12.01	14.29	16.42	18.22
18, бэрэжьей	05.33	07.03	12.01	14.28	16.41	18.21
19, махуэку	05.34	07.04	12.01	14.27	16.40	18.20
20, мэрем	05.35	07.05	12.02	14.27	16.39	18.19
21, щэбэт	05.37	07.07	12.02	14.26	16.38	18.18
22, тхьэмахуэ	05.38	07.08	12.02	14.26	16.38	18.18
23, блыщхьэ	05.39	07.09	12.02	14.25	16.37	18.17
24, гъубж	05.40	07.10	12.03	14.25	16.36	18.16
25, бэрэжьей	05.41	07.11	12.03	14.24	16.36	18.16
26, махуэку	05.43	07.13	12.03	14.24	16.35	18.15
27, мэрем	05.44	07.14	12.04	14.23	16.35	18.15
28, щэбэт	05.45	07.15	12.04	14.23	16.34	18.14
29, тхьэмахуэ	05.46	07.16	12.04	14.23	16.34	18.14
30, блыщхьэ	05.47	07.17	12.05	14.22	16.33	18.13

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм къыдитащ.

«ЖылакIэр» дунейпсо утыкум йохьэ

Иджыблагъэ Мейкъуапэ щекIуэкIащ «Дыщэ Сосрыкъуэ» VI дунейпсо кинофестивалым щытекIуахэр щагъэфIэж пшыхь. Мы гъэм зэпеуэм, зэи къэмыхъуауэ, лэжьыгъэ куэд кърагъэхьащ - къэрал 22-м щыщ кинематографистхэм я IэдакъэщIэкIыу зы миным щIигъу. Абыхэм ящыщу фестивалым и программэ нэхъыщхьэм хагъэхьащ Урысейм, Белоруссием, Бразилием, Монголием, Испанием, Узбекистаным къикIа фильм 51-рэ. КъимыдэкIэ, лэжьыгъэ 12 зэпеуэм хэмыту утыку кърахьащ.



ФЕСТИВАЛЬ махуищыр хуабжьу гъэщIэгъуэн IуэхугъуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Абы щылэжьащ урысей кинопродюсер, ЩIыналъэ кинематографием зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым и советым хэт Якунин Дмитрий зи пашэ къэпщытакIуэ гупыр. Зэпеуэр IыхьиплIу зэхэтт: игровой, документальнэ, анимацэ, нейросеть кино. Къищынэмыщlауэ, мы гъэм япэу хагъэхьэри, лъэпкъыбзэхэмкIэ траха фильмхэри щхьэхуэу къапщытащ.

ЛъэпкъыбзэкIэ трахахэм «Игровое кино» унэтIыныгъэм нэхъыфIу къыщалъытащ «Куда пропал Женька?» фильм кIэщIыр, ар Мейкъуапэ ГъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м Креатив индустриехэмкIэ и еджапIэм щIэсхэм ягъэхьэзырат. «Документальное кино» унэтIыныгъэм текIуэныгъэр къыщихьащ Адыгэ Республикэм и Севастополь станицэм щыщ Мигалинэ Алинэ и «Улыбка на долгие года» теплъэгъуэм. «Анимацэ кино» унэтIыныгъэм щынэхъыфIу къыщIэкIащ Мейкъуапэ ГъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м Креатив индустриехэмкIэ и еджапIэм щIэсхэм я «Магия орнамента» жыхуиIэр.

Фильм нэхъ кIыхьхэм ящыщу «Игровое кино» унэтIыныгъэм текIуэныгъэр къыщихьащ Ярославль щыщ Вобликов Владимир и «Ку-ку» фильмым. А унэтIыныгъэмкIэ короткометражнэ фильм нэхъыфIу къалъытар Санкт-Петербург щыщ Чижих Катя и «Свидание»-ращ.

«Документальнэ кино нэхъыфI» унэтIыныгъэм щытекIуащ «Адыгей» ГТРК-м и унафэщI Ачмыз Iэдэм и IэдакъэщIэкIа «Щэнхабзэм и хъумакIуэхэр» фильмыр. Анимацэ фильм нэхъыфIу жюрим хэтхэм къалъытащ Москва щыщ Игнатов Алексей и «В Рождество все немного волхвы» лэжьыгъэр. «Нейросеть кино нэхъыфI» унэтIыныгъэм щагъэлъэпIащ Мейкъуапэ щыщ Мамонтовэ Татьянэ и «Орнамент жизни» фильмыр.

Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - «Дыщэ Сосрыкъуэ» VI дунейпсо кинофестивалым и Гран-прир - хуагъэфэщащ «Неоткрытое письмо» кинокартинэм, ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ Монголием щыщ Бямбасурен Батделгер. Ар пшыхьым кърихьэлIакъым, ауэ видеозэпыщIэныгъэкIэ фIыщIэ къахуищIащ Iуэхур зэхэзэышахэм. Фестивалым и саугъэт щхьэхуэхэмкIэ ягъэлъэпIащ сценарий нэхъыфI зытхар, оператор лэжьыгъэ нэхъыфIыр, макъамэ, режиссёр лэжьыгъэ нэхъыфIу къалъытахэр зейхэр.

«ЦIыхухэм я гум дыхьэ саугъэт» номинацэ хэхамкIэ ягъэлъэпIащ Мейкъуапэ щыщ Шакъ Аэлитэ, абы трихащ «В единстве сила» фильмыр.

«Адыгэ фильм нэхъыфI» цIэ хэхар къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Пэфыф Заринэ и «ЖылакIэ» фильмым.

- Псори гъуэзэджэу екIуэкIащ. Илъэс къэс ди Iуэхур ефIакIуэурэ макIуэ, ди фестивалым нэхъри зеужь, дунейпсо мыхьэнэ иIэ хъуащ. ИджыкIэ мыр кинофестиваль нэгъэсащ, Урысейм щынэхъыфIхэм яхыубжэ хъуну. Абы щыхьэт тохъуэ къытхуагъэхьа фильмхэм я фIагъри. Псом хуэмыдэу дыщогуфIыкI зэпеуэм и унэтIыныгъэ псоми ди лъахэгъуэхэр, ди лъэпкъэгъухэр, Адыгейм щыщу кино техын щIэзыдзагъащIэ авторхэр зэрыхэтым, - къыхигъэщащ кинофестивалыр къызэзыгъэпэща, Адыгэ Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и Адыгей щIыналъэ къудамэм и унафэщI Нэгъаплъэ Аскэрбий.

Къыхэдгъэщынщи, «Дыщэ Сосрыкъуэ» VI дунейпсо кинофестивалым и къызэгъэпэщакIуэр Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и Адыгей щIыналъэ къудамэращ, абы и дэIэпыкъуэгъущ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, Щэумэн Хьэзрэт и псапащIэ фондыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу «Адыгэ фильм нэхъыфI» цIэ хэхар къызыхуагъэфэща, «ЖылакIэ» фильмыр зи IэдакъэщIэкI Пэфыф Заринэ къыддэгуэшащ фестивалыр къызэрыщыхъуамкIэ, Адыгейм къыщыхуащIа пщIэмкIэ, и лэжьыгъэр зытеухуамкIэ: «Дыщэ Сосрыкъуэ» кинофестивалыр дунейпсо утыкум апхуэдизкIэ дахэу ихьащи, и инагъым укъегъэуIэбжь. Абы и щыхьэтщ мы гъэм лэжьыгъэ 1081-рэ къэрал 22-м къикIыу къазэрыIэрыхьар. Хэтхэр зыщыщ щIыпIэхэр, дауи, нэхъыбэ хъуащ, зэхьэзэхуэр нэхъ ткIийуэ йокIуэкI, къагъэлъэгъуа художественнэ лэжьыгъэхэр куэдкIэ нэхъыфI хъуащ. ИкIи апхуэдэ мыхьэнэ зиIэ дунейпсо зэпеуэ лъэщым апхуэдэ пщIэ щыбгъуэтыныр узыгъэгушхуэнщ.

«ЖылакIэ» фильмыр «Уардэ» проектым и лэжьыгъэхэм ящыщщ. Абы «Адыгэ фильм нэхъыфI» саугъэтыр къыхуагъэфэщэныр ди гупым дежкIэ нэгу къыщIэгъэхьэгъуейт, ар дэркIэ лъапIэщ!

Мейкъуапэ фестивалыр зыхуэдэ щымыIэ щэнхабзэ утыку хъуауэ жысIэфынущ. Ар дэ дызэлэжьыр фIыуэ къащыгурыIуэ, гурэ псэкIэ щагъэлъапIэ щIыпIэщ. Сыт ди лэжьыгъэм и лъабжьэр жыпIэмэ, адыгэ лъэпкъым и анэдэлъхубзэр, и щхьэхуэныгъэхэр, щIэиныр, хъугъуэфIыгъуэхэр экраным къищ теплъэгъуэхэмкIэ хъумэнырщ.

«Уардэ» гупым и лэжьыгъэхэр иджы япэу къыхагъэщу аракъым. Фестивалым иджыри «Адыгей, сэ уэ фIыуэ узолъагъу» фIэщыгъэр щызэрихьэм дыхэтащ. 2024 гъэм «Кхъужьей къудамэ» фильмым «Хабзэхэр зэрахъумам папщIэ» саугъэт щхьэхуэ кърататащ, 2025 гъэм «Си адэ» теплъэгъуэм «И къежьапIэм зэрыхуэпэжым папщIэ» саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

Псом хуэмыдэу нэхъ згъэщIагъуэр Адыгейм кинематографием щыхуащI гулъытэрщ. Уеблэмэ мы гъэм фестивалым Адыгейм щыщ авторхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса Iыхьэ хагъэхьат.

Сэ срогушхуэ, республикэм сыщымыщми, ди фильмым апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIам. Абы иджыри зэ наIуэ къещI ди зэхуэдэ адыгэ щэнхабзэм, хабзэм, бзэм гъунапкъэ гуэри зэрамыIэр, абыхэм зегъэужьыным, хъумэным ди къуэш республикэр зэрыхуэнабдзэгубдзаплъэр.

Дызэрыт 2026 гъэм ди гупым «Гармония» социальнэ зыужьыныгъэмкIэ центрым и гъусэу игъэзэщIа проектщ фестивалым хэта «ЖылакIэ» фильмыр. Абы къищынэмыщIа, иджыри фильм кIэщIу плIы тетхащ, Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым къыдита грант дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ. ИкIи апхуэдиз хьэрхуэрэгъум ди «ЖылакIэм» саугъэт хэхар къызэрыхуагъэфэщам къегъэлъагъуэ, Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым и хьэтыркIэ, ди Iэзагъым зэрыхэдгъэхъуар, лъэпкъ кинор ипэкIэ зэрыкIуатэр.

АнэдэлъхубзэкIэ фильм тепхыныр иджыпстукIэ Iуэху къызэрыгуэкIыу щыткъым, абы жэрдэм зыхэлъ, зи лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ закъуэтIакъуэщ иужь итыр. Дэ езым ди щхьэ Iуэху зедмыхуэжмэ, ди анэдэлъхубзэкIэ кино тедмыхмэ, дымыгъэкIуатэмэ, хэт ар ди пIэкIэ зыщIэнур? Хэт дэр нэмыщI къэкIуэну щIэблэхэм анэдэлъхубзэр яIурызылъхьэнур? Дэ хуабжьу дахуэарэзыщ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым, «Гармония» социальнэ зыужьыныгъэмкIэ центрым, Мейкъуапэ щекIуэкIа «Дыщэ Сосрыкъуэ» фестивалым. Сыхуейт ди лэжьыгъэхэм ди республикэми апхуэдэ гулъытэ къыщыхуащIыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъ фильмхэр утыку къихьэ къудейщи, дэIэпыкъуэгъурэ цIыхухэм я гулъытэрэ хуэныкъуэщ».

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Заринэ «Уардэ» щэнхабзэ-узэщIакIуэ проектым и къызэгъэпэщакIуэщ, адыгэбзэкIэ кино кIэщI купщIафIэхэр трех. «Уардэр» уи лъахэм, уи унэм, уи бзэм, уи къежьапIэм ухуэзышэж, адыгэм зезыгъэщIэж, зызыгъэцIыхуж проектщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.



Тхыгъэри сурэтхэри **ДАРИЙ Дахэнур** *ейщ.*



● Зэпеуэхэр



Гупсысэ куухэр къыщыгъэлъэгъуат

Дунейпсо Адыгэ Хасэм Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу иригъэкІуэкІа «Си лъэпкъым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ» республикэпсо зэпеуэм кърикІуахэр къапщытэжри, текІуахэр ягъэлъэпІащ.

КЪЫДЭКІУЭТЕЙ щІэблэр ди адэжьхэм къытхуагъэна щІэиным ирипагэу, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэр къафІэІуэхуу, тхыдэр яхъумэу, бзэр яІурылъу къэгъэхъуным, а лъапІэныгъэхэм пщІэ хуащІу егъэсэным, зэгурыІуэныгъэр ди лъахэм щытепщэу щытыным хуэунэтІа Іуэхур фокІадэм и 15-м щегъэжьауэ и 30 пщІондэ екІуэкІащ.

Зэпеуэм хэтащ анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным гууз-лыуз хузиІэ цІыхуи 100-м щІигъу. Сочиненэр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи птхы хъунути, адыгэбзэкІэ зытхар зэрынэхъыбэм ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Щхьэж и гупсысэхэр зэгъэкІуауэ къыщыІуэтауэ, пэжырытхэм и хабзэхэм тету, купщІафІэу лэжьыгъэ куэд хэтащ.

ДАХ-м и хэщІапІэм къагъэхьа лэжьыгъэхэм хэплъащ къэпщтакІуэхэр икІи нэхъыфІхэр къыхахащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм адыгэхэм папщІэ къызэригъэпэща зэхьэзэхуэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІауэ ди республикэм исхэми хэтыну гупыж зэращІар. Мы Іуэхум хэлэжьыхьащ школакІуэхэри, студентхэри, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ балигъхэри.

КъэпщытакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, япэ-етІуанэ увыпІэхэр бгуэшыну гугъут, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, лэжьыгъэхэм яхэтт цІыху балигъым и дуней еплъыкІэ, гупсысэ убзыхуари, балигъыпІэм имыува еджакІуэм и лъэпкъ зэхэщІыкІыр здынэсыр дахэу къыщыгъэлъэгъуари, пэщІэдзэ классхэм щІэс цІыкІухэм я гумрэ я псэмрэ къабгъэдэкІыу ятха сочиненэхэри. Абы ипкъ иткІэ, Іыхьищу зэщхьэщыхауэ къапщытащ лэжьыгъэхэр: балигъхэм, класс нэхъыжьхэм щІэсхэм, пэщІэдзэ классхэм екІуалІэхэм.

Псори зэхэту лэжьыгъэ 14-р нэхъыфІу къалъытэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ахэр зи ІэдакъэщІэкІхэм яритыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Апхуэдэу ягъэлъэпІахэм ящыщщ Налшык къалэ и 14-нэ прогимназием и еджакІуэ Бещто Умар, Ерокъуэ дэт курыт школым и еджакІуэ Шортэн Камиллэ, Къулъкъужын Ипщэ дэт курыт еджапІэ №1-м и 11-нэ классым щІэс Борэн Русалинэ, Курп Ипщэм дэт школым и 8-нэ классым щІэс Камбагировэ Амилие, Нарткъалэ и лицей №1-м и 6-нэ классым и еджакІуэ Къуэкъуей Иланэ, Налшык къалэ дэт 11-нэ школым и 9-нэ классым щІэс Къудей Алинэ, Налшык къалэ и прогимназие №66-м и япэ классым кІуэ КІуж Линэ, Налшык къалэ и прогимназие №66-м и япэ классым кІуэ Къущхьэбий Лие, Зеикъуэ дэт курыт школ №1-м и 4-нэ классым щІэс Лосэн Инал, Красноармейскэ къуажэм дэт курыт школым и 6-нэ классым щеджэ Ансыкъуэ Саидэ, Алътуд дэт курыт еджапІэ №2-м и 11-нэ классым щІэс Мэзло Даринэ, Къэщкъэтау курыт школым и 8-нэ классым щеджэ Чочаев Ислъам, дохутыр-ординатор Абрэдж Элинэ, Налшык къалэ и гимназие №1-м и унафэщІым гъэсэныгъэмрэ сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и чэнджэщэгъу Шэт Миланэ сымэ.

Мыбыхэм я ІэдакъэщІэкІхэм ящыщ дэтхэнэри купщІэ, акъыл хэлъу тхащ, ауэ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ я дуней еплъыкІэр къридгъэлъагъуэу, адыгэбзэкІэ тха сочиненэхэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ идолъхьэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Адыгэ хабзэр адэжь щІэинщ

Адыгэ напэр псэм нэхърэ нэхъ лъапІэщ. Псалъэжь.

Адыгэ цІыхум дежкІэ Хэкумрэ лъэпкъымрэ нэхъ лъапІэ дунейм теткъым. Ди хэкуэгъухэм я псэмрэ я гумрэ хэлъщ къыщалъхуа щІыналъэр: ди бгы лъагэхэр, къурш уардэхэр, псыежэх бзэрабзэхэр, мэз Івхэр. Мы щІыпІэ дахащэм къыщыхъуа цІыхум и хабзэри псэукІэри, зыми емыщхьу, къызэрымыгуэкІыу щытщ. А цІыхум къигъэщІащ ІуэрыІуатэ мыкІуэдыжынри, а ІуэрыІуатэм и дыщэ кІанэ нарт эпосри, дэтхэнэ адыгэми и псэм, гущІэм хэт адыгэ хабзэри. Ди лъэпкъ хабзэхэр, нарт пшыналъэхэр, езы ІуэрыІуатэ къулейр, къафэ уардэхэр псори зэзыпхыжыр адыгэ дунейрщ. Сыкъапщтэмэ, си дежкІэ а дунейм и къежьапІэр, и лъабжьэр адыгэ хабзэрщ.

Сэ еханэ классым сыщоджэ. СхужыІэнукъым адыгэ хабзэм къызэщІиубыдэ псоми нэгъэсауэ хэсщІыкІыу. ЗэрысщІэжрэ дадэрэ нанэрэ къыджаІэрт: «ХабзэмыщІэ емыкІухьщ». Сыт а псалъитІым къикІыр, сыт хуэдэ гупсысэхэт а псалъэ кІэщІхэм щагъэпщкІуар ди япэкІэ псэуа нэхъыжьхэм? А упщІэхэр куэдрэ зыхуэзгъэувыжырт. Уегупсысмэ, псалъэ куэди хъуркъым, ауэ сыту куэд къагъэлъагъуэрэ абыхэм. Хабзэ, емыкІу... адыгэ. Мы псалъэхэм псори къызэщІаубыдэ: гущІэ, псэ, унагъуэ, гъащІэ, дуней. А псори къызэщІакъуэ Адыгэ Хабзэ гъуэзэджэмрэ абы ди гум щиубыд увыпІэ лъагэмрэ.

Адыгэ Хабзэ - ди лъэпкъым и цІыхугъэм, псэукІэ тэмэмыр ухуэным и лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар. Абы хыхьэхэм ящыщу увыпІэ нэхъыщхьэ дыдэр зыубыдыр, сэ къызэрысщыхъумкІэ, нэхъыжьхэм, адэ-анэм пщІэ яхуэщІын хуейуэ къызэригъэувырщ. Псалъэжьхэу «Нэхъыжь и чэнджэщ дыщэ уасэщ», «Нэхъыжьыр гъэлъапІи, уи щхьэ лъапІэ хъунщ», «Жьы зимыІэ фІы щыІэкъым», нэгъуэщІхэми къагъэлъагъуэ жьы хъуа цІыхум и псалъэр нэхъыщІэм дежкІэ шэч зыхэмылъ Іущыгъэу, дахагъэу, уеблэмэ, узытекІ мыхъун унафэу зэрыщытыр. Мыбыхэми нэгъуэщІ псалъэжь куэдми етхуанэ классым дыщеджауэ щытащ. Псалъэжьхэр гукІэ зэдгъащІэри, зэпеуэ едгъэкІуэкІат, псалъэжь нэхъыбэ жызыІэфымрэ абы къикІхэр къэзыІуэтэжыфымрэ зэхэдгъэкІыу.

Нанэ зэрыжиІэжымкІэ, нэхъапэм щІэблэр хабзэм хапІыкІырт, цІыхухэм зэхуаІэ зэхущытыкІэр екІуу, зэпэщу зэрахьэрт. НэхъыщІэхэр хущІэкъурт я нэхъыжьхэр зэрамыгъэукІытэным, я напэр зэрытрамыхыным, нэхъыжьым и псалъэр зэрамыкъутэным. Мы хабзэхэм я фІыгъэщ ди лъэпкъымрэ ди бзэ дахэмрэ лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ хъума зэрыхъуар. Дауи, зэпымычу папи мами къыджаІэ нэхъыжь щыту дэ, сабийхэр, дыщыс зэрымыхъунур, нэхъыжь и пащхьэ ину дыщыпсалъэну, щІыкІейуэ дыщыдыхьэшхыну къызэремызэгъыр, абы и гъуэгу зэпыдупщІ зэрымыхъунур, нэгъуэщІ куэди. Псом хуэмыдэу сигу ирохь дадэ а лъапІэныгъэхэр къыджиІэм нэмыщІ, а хабзэхэр къызыхэщыж хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм дыщригъэдаІуэм деж.

Апхуэдэу дадэ къыджеІэж адыгэхэм хьэщІэр фІыуэ ялъагъуу, егъэлеяуэ ягъэлъапІэу зэрыщытар. Абы къызэриІуэтэжымкІэ, адыгэ гъэхьэщІэкІэр дуней псом щыцІэрыІуащ, ари адыгэ хабзэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм хиубыдэу жеІэ. «ХьэщІэр Тхьэм и лІыкІуэщ», - жаІэрти, къахуэкІуа цІыхур зыми емыщхьу ягъэлъапІэрт. ХьэщІэщыр унагъуэм и нэхъ пэш дахэу щытын хуейт, хьэщІэм и лъэІур ягъэзащІэрт, и щэхухэм щІэупщІэртэкъым. Ику ит лІэщІыгъуэхэм хамэ къэрал къикІыу ди щІыналъэм къакІуэу щыта цІыхухэм ягъэщІагъуэу ятхыжырт дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми екІуу узэрыщагъэхьэщІэр: я пэш нэхъыфІым узэрыщІагъэлъыр, нэхъ шхыныгъуэфІхэр зэрыуагъэшхыр, узыхуей дыдэр къызэрыпхуащІэр, икІи, нэхъ гъэщІэгъуэныжращи, пщІэ лъэпкъ а псоми зэрыщІумытыр. Махуэ дапщэкІэ ущымыхьэщІами, адыгэ унагъуэм нэмыплъ къыпхуащІынутэкъым, хьэщІэр къатехьэлъэу зыкъыуагъэщІэнутэкъым. ХьэщІэм ехьэлІа хабзэ псори нобэ адыгэхэм ямыхъумами, я хьэщІэр ягъэлъапІэ, ерыскъы нэхъыфІхэр къыхуаІэт, я нэгур зэІухауэ къырагъэблагъэ. Псалъэм папщІэ, ди унагъуэм апхуэдэ зэхэтыкІэщ щекІуэкІыр. Нани мами, хьэщІэ къэкІуамэ, адыгэ шхыныгъуэфІхэр зэпеуэу ягъэхьэзыр. Сэри абыхэм схузэфІэкІымкІэ садэІэпыкъу, Іэпыдзлъэпыдз сохъу. Нанэ жеІэ: «ХьэщІэр цІыхугъатхьэщ». Ар адыгэ псалъэжьу зэрыщытыр къызгурегъаІуэри, а псалъэ Іущхэм къикІри къысхуеІуатэ.

Хабзэм и къежьапІэр адыгэ унагъуэрщ, адыгэ жьэгурщ. Унагъуэр адыгэм дежкІэ уардэунэщ, жьэгу мафІэр щымыункІыфІ щІыпІэщ. Жьэгур, мафІэр - ерыскъы щапщэфІ щІыпІэ къудейкъым, атІэ ар унагъуэр зэкъуэт зыщІщ. «Зи унагъуэ мафІэ щыщІамыгъэнэжыр унагъуэкъутэщ, унагъуэ къэсэхыжащ, Алыхьым абы дыщихъумэ», - угъурлыгъэ къызыщІих нэхэмкІэ къызэплъурэ макъ щабэ дыдэкІэ жеІэ нанэ. Абыхэм я дежщ къыщежьэр унагъуэри, лъэпкъри, хабзэри. Унагъуэм ис цІыхухэм зэхуаІэ пщІэмрэ гуапагъэмрэ - аращ адыгэ жьэгум и мафІэр зыгъаблэри, щІэблэр насыпыфІэу къэзыгъэхъури.

КЪУЭКЪУЕЙ Иланэ,
егъэджакІуэр **ХЪУЭСТ ФатІимэщ**.

ЦІыху нэс урихъунущ

Мы щІы хъуреишхуэм лъэпкъыу тету хъуам езыхэм я щыІэкІэ, псэукІэ яІэжщ. Мы гъащІэ екІуэкІым зыдрагъэкІуурэ, къупхъэ гуэрхэм тету мэпсэу. Сэ си адыгэ лъэпкъым иІэщ, урипсэуну, ущимыгъэкІыу, уимыгъэикІэу, уихъумэжу, уигъэдахэу, цІыху хуэдэу укъызэтринэжу, псоми пщалъэ яхуэхъуу щыІэкІэ. КІэщІу жыпІэмэ, абы зэреджэр Хабзэщ. Адыгэ Хабзэр куущ. Абы тету псэухэм «Адыгэ нэгъэсащ» хужаІэ, зезымыхьэфхэм я пщІэр йохуэх. Ар лъэпкъ псом къызэдащтауэ яІыгъщ илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ, нобэрей гъащІэми йокІу. Пасэрей псалъэжьым жеІэ, «Хабзэм хабзэ иращІэкІыркъым». Абы къегъэлъагъуэ, уебакъуэу пхъуэж е узэрегуакІуэу упсэу зэрымыхъунур. Адыгэ лъэпкъым и гъащІэм хабзэм къызэщІимыубыдэ Іуэхугъуэ зыри хэткъым. Дунейм къыщытехьэм щыщІэдзауэ и гъащІэм и кІыхьагъкІэ, ипкъри и псэри къызэщІиубыдэу, хабзэкІэ гъэпсащ.

Хабзэр унагъуэм деж щыщІедзэ, итІанэ хьэблэм, итІанэ жылэм, итІанэ Хэкум щызокІуэ. Хэку псом цІыхуу исыр зы Адыгэ ХабзэкІэ тыншу зэдопсэу, зэгуроІуэ. Хабзэм къызэщІеубыдэ нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ яку дэлъын хуей пщІэ-нэмысыр, цІыхухъумрэ цІыхубзымрэ, зэкъуэш-зэшыпхъухэм, зэщхьэгъусэхэм, хьэщІэмрэ хэгъэреймрэ я зэхущытыкІэн хуейхэр, зэгъунэгъухэм, зэунэкъуэщхэм, зэблагъэхэм, зэрыцІыхухэм, зэныкъуэкъуэгъухэм, зэІупэфІэгъухэм, зэбийхэм, зэныбжьэгъухэм, зэлъэпкъэгъухэм я зэхущытыкІэн хуейр.

Мыр апхуэдизкІэ хэІэтыкІауэ зыгуэрщи, урипсэу щыхъукІэ, цІыху нэс урихъунущ, уэ къыбдэпсэу гъунэгъу лъэпкъхэми пщІэ игъуэтынущ. Ноби, ди япэкІэ къэкІуэнуми адыгэ цІыхухэр щреІэ, адыгэ хабзэм тету. Абы мы гъащІэ гугъур нэхъыфІ, нэхъ тынш хэти щищІынущ! Мы щІышхуэм лъэпкъыу тетхэм псоми езыхэм я фІагъ яІэжщ, абы трыретхэ!

Ди тхыдэм къыхощыж ижь-ижьыж зэман лъандэрэ ди лъэпкъым хэлъа икІи нобэр къыздэсым къыдэгъуэгурыкІуэ хабзэмрэ пщІэ-нэмысымрэ. Щапхъэу къэсхьыну сыхуейт: пасэ зэманым зекІуэ кІуа шум жэщ къытехъуамэ, дэтхэнэ унагъуэми и хьэщІэщым еблагъэу хуеиху щыІэну хуитт, хьэщІагъэ кърахыу, пэш хэха, шы фІэдзапІэ щхьэхуэ иІэу. ХьэщІэ къеблэгъам упщІэ ептыну емыкІут, езым къызытекІухьар жимыІауэ.

Ди тхыдэтххэр, тхакІуэхэр, уэрэдусхэр ди хабзэ дахэр зэрытщамыгъэгъупщэн иужь итхэщ. УсакІуэ, уэрэджыІакІуэ куэд тетхыхьащ ди хабзэ дахэм. Уэрэдхэм нэмыщІи псалъэжь куэд диІэщ. Абыхэм ящыщщ: «Удын зэхэдзэ нэхърэ - Іыхьэ зэхэдзэ». Сэ мы псалъэжьыр къызэрызгурыІуэмкІэ, мы ди щІы хъуреишхуэм адыгэхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ лъэпкъхэри зэрыщыІэр, абыхэми увыпІэ гуэр зэраІэр, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ ди яку дэлъын хуейуэ зэрыщытыр къикІыу арауэ къысфІощІ. Сэ си щхьэкІэ къасщтэмэ, сыщогуфІыкІ, ди адыгэ лъэпкъым хабзэ дахэ зэриІэм.

Дэтхэнэ зы лъэпкъри ирепсэу, иребагъуэ, зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ яку дэлъу!

ЛОСЭН Инал,
егъэджакІуэр
КЪАРМОКЪУЭ ФатІимэщ.

Бзэр лъэпкъым и псэщ, и хъугъуэфІыгъуэщ

Адыгагъэ!.. Адыгэ нэмыс!.. ЛъапІэщ мы псалъэхэр дэтхэнэ зы адыгэм дежкІи, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, лъэпкъыр зыузэщІыр, езыгъэфІакІуэр напэ, укІытэ зыбгъэдэлъ, хабзэ зезыхьэ цІыхухэрщ. Уегупсысмэ, хабзэрщ цІыхухэр зэпызыщІэр, зэгурыІуэ я зэхуаку дэзылъхьэр, лъэпкъыр зэтезыІыгъэр. Ауэ жиІэркъым псалъэжьым: «Хабзэ здэщыІэм зэгурыІуэ щыІэщ». Пасэ зэманми адыгэм я напэм япэ зыри ирагъэщакъым, уеблэмэ я щхьэр халъхьэрт я щІыхьыр яхъумэжыным. НэгъуэщІ щІыпІэ къикІа тхыдэтх, еджагъэшхуэ куэд тетхыхьыжащ адыгэм яхэлъ лІыгъэм, къадекІуэкІ хабзэнэмысым. Абыхэм яфІэтелъыджэт адыгэхэм хьэщІэм хуащІ пщІэр, нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ, цІыхухъумрэ цІыхубзымрэ яку дэлъ зэхущытыкІэ дахэр; ахэр Іэдэбу, бэшэчу зэрыщытми хуабжьу дихьэххэрт. Гу лъамытэуи къанэртэкъым сабийхэр тэмэму зэрагъасэм; напэр, пэжыгъэр адыгэ хабзэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытым икІи щІэблэр абы зэрыщІапІыкІым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, гъэсэныгъэм и Іуэхур мы зэманым нэхъ къелъэхъшэхащ. ЗэрытщІэщи, фІылъагъуныгъэрщ дунейр зэтезыІыгъэр, гъащІэр ІэфІ пщызыщІыр. Мы гурыщІэ лъагэр щІэблэм щигъуэтыр и унагъуэрщ; анэм къыббгъэдимылъхьэмэ, зыхэлъхьэгъуейщ.

Лъагъуныгъэм и лъабжьэр гуапагъэщ, зэхущытыкІэ дахэщ. Псалъэ гуапэм удогуфІэ, гур егъэпхъэр, уи гукъыдэжыр къеІэт. ЦІыхум псалъэ жагъуэ едзыныр хабзэншагъэщ, абы и мызакъуэу, мыгъущыж уІэгъэ гум тредзэ. ЕмыкІумрэ екІумрэ къыгурыІуэу, цІыху хэтыкІэ ищІэу къэхъуа щІэблэр зэи хабзэкъути емыкІухьи хъунукъым, апхуэдэм нэгъуэщІыр и щхьэм ирилъытынущ. Сыт хэлъ-тІэ цІыхум уегуэпэкІым!

ЦІыхум хабзэ кІэлъызехьэныр дунейм къыщытехьагъащІэм хуащІ цІэфІэщджанэм деж къыщыщІедзэ. ЩІалэ цІыкІумэ, лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыІуэ гуэрым и цІэр фІащ хабзэщ. Сабийр дунейм къытемыхьэ щІыкІэ ягъэхьэзыра цІэ щыфІащи щыІэщ. Ар къыхэзыхыр нысащІэм и пщыпхъу, пщыкъуэ е и ІыхьлыфІ гуэрщ. Ауэ мы зэманым куэдрэ урохьэлІэ, анэм зыхуей цІэр нэгъуэщІым жриІэрэ фІригъэщу. ИгъащІэ псокІэ и быным зэреджэну фІэфІ цІэр анэм езым къыхебгъэхыжыныр гумащІагъэщ икІи псапэ пылъщ. Ауэрэ гущэхэпхэмрэ лъэтеувэмрэ я зэманыр къосри, абыхэм епха дауэдапщэри дахэу ирагъэкІуэкІ. Мы хабзэхэм ди гъащІэм зэхъуэкІыныгъэ щІагъуэ щамыгъуэтауэ адыгэхэм зэрахьэ.

Лъэпкъ тхыдэм ухэплъэжмэ, ди нэхъыжьхэм зэхущытыкІэ дахэу яІар, зэрахьэ хабзэр, ябгъэдэлъа лІыгъэр уи нэгу къыщІоувэжри, гупсысэхэм ухашэ. Ди блэкІам щыІа псэукІэм хэлъа хъугъуэфІыгъуэхэм щІэблэр щыбгъэгъуэзэныр икъукІэ Іуэху щхьэпэщ: а лъапІэныгъэхэм ди щІалэгъуалэр гупсысэ пхэнжхэм щахъумэнущ, я акъылыр зыгъэутхъуэну хэтхэм япэщІэтыфынущ.

Сыт хуэдиз лІыгъэрэ Іущыгъэрэ убгъэдэлъын хуей уи унагъуэм къраша сабийр упІын, хабзэ ебгъэщІэн папщІэ! Къан къыпхуагъэфэщэныр пщІэшхуэ щхьэкІэ, ар хуабжьу Іуэху хьэлъэт. ЛІыгъэм, хахуагъэм, хабзэ-нэмысым щІипІыкІын хуейт атэлыкъым и къаныр. Іэмал щхьэхуэхэр къигъэсэбэпурэ имыцІыху адэ-анэр фІыуэ иригъэлъагъунри и пщэ дэлът.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм и бжэр хузэІухащ хьэщІэм. Бысымым деж адыгэр зыхуей щыхуэзэрт, хъума щыхъурт, гулъытэрэ пщІэрэ щигъуэтырт. «Сэ жаІэуи яІуатэуи зэхэсхакъым, зы тхылъи иту срихьэлІакъым шэрджэсхэм нэхърэ нэхъ цІыху гуапэрэ хьэщІэкІэ нэхъыфІрэ», - итхыгъащ Инджылызым щыщ щІэныгъэлІ Бэлл Джеймс.

Иджыблагъэ ди къуажэм щаухуа лъэпкъ хьэщІэщ уардэм щрагъэкІуэкІ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр, нэгузегъэужь пшыхьхэр, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр. ХьэщІэщым къеблагъэхэр щыгъуазэ хуохъу япэрей зэманым щыІа псэукІэм, зэхэтыкІэм, адыгэм зэрахьэу щыта хабзэм. Я нэгу щІэкІ псоми щІэблэр лъэпкъ гупсысэм ирашалІэ; хабзэм, Іуэху зехьэкІэм зыхуагъэсэнымкІэ щхьэпэ мэхъу. Апхуэдэу хабзэм епха зэхуэсыпІэхэр жылагъуэ къэс къыщызэрагъэпэщатэмэ, адыгэм и жьэгур ужьыхыжынтэкъым, сыт щыгъуи хуабэу щытынт. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм лъэпкъым зрагъэузэщІынущ, щІэблэр Іуэху мыщхьэпэ куэдым щахъумэнущ.

Хабзэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьыныгъэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ бзэм. Бзэр лъэпкъым и псэщ, и хъугъуэфІыгъуэщ. ЦІыху къэс и гъащІэр куэдкІэ елъытащ и бзэмрэ и гупсысэмрэ зэригъэлъапІэм, псалъэр къызэрыгурыІуэм, абы пщІэ зэрыхуищІым. Ар кІуэдыжмэ, щыІэжынукъым дызэрыгушхуэ ди лъэпкъыр. Апхуэдэ насыпыншагъэ къэмыхъун щхьэкІэ хэкІыпІэфІщ, щысабийм деж щегъэжьауэ, щІэблэр адыгэбзэ тхылъым ешэлІэныр. Абы хуэдэу цІыхум и псэм зезыгъэужь гъуэтыгъуейщ. КъыщыщІэбдзэ хъунущ «Адыгэ таурыхъхэр» тхылъым деж. Таурыхъым дуней хьэлэмэтхэм ухешэ, уи акъылым зрегъэужь, фІымрэ Іеймрэ зэхэбгъэкІыфу уегъасэ, уеущий. АдыгэбзэкІэ къыдэкІ «Нур» журналыр сабийм и зэхэщІыкІым, и бзэм зиужьынымкІэ сэбэп зэрыхъур-щэ! СхузэфІэкІатэмэ, сабий зэрыс зы адыгэ унагъуэ къэмынэу а журнал хьэлэмэтыр яІэрызгъэхьэнт. Абы итхэр яфІэгъэщІэгъуэн хъуа нэужь, ди тхакІуэшхуэхэм, усакІуэшхуэхэм я тхыгъэхэм дихьэхынт, адыгэбзэр я псэм хыхьэнт. Бзэм, хабзэм, щэнхабзэм зегъэужьыным щхьэж хузэфІэкІ хуилэжьу псэумэ, лъэпкъым и Іуэхур кІуэтэнущ, сыт и лъэныкъуэкІи зиужьынущ; зэкъуэту, бжьыфІэу, насыпыфІэу мыкІуэдыжын гъащІэ ирихьэкІынущ. ХуэдвгъэщІ хуэфащэ гулъытэ ди лъэпкъ лъапІэныгъэхэм!

АБРЭДЖ Элинэ,
дохутыр-ординатор.



ЛІыхъужьыгъэм и дерс

Налшык дэт 20-нэ курыт еджапІэм щекІуэкІащ «ЛІыхъужьыгъэм и дерс». Абы ирагъэблэгъащ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэ Кульчиев Тамерланрэ дзэ Іуэху хэхам щыІа Тау Амиррэ.

АМИР тепсэлъыхьащ къулыкъум пэрыту зыхэта гъэунэхуныгъэхэмрэ хэку лъагъуныгъэм лІыгъэ къызэрыпхилъхьэмрэ, псэзэпылъхьэпІэм псэууэ укъикІын папщІэ пхэлъын хуей щэнхэм. НыбжьыщІэхэр яфІэгъэщІэгъуэну едэІуащ лІыхъужьым и хъыбархэм икІи упщІэхэр иратащ. Ахэр теухуат зэкъуэтыныгъэм, гущІэгъум, ныбжьэгъугъэм, хахуагъэм.

Кульчиев Тамерлан жиІащ дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм, абы хэтахэм, зауэлІхэм я унагъуэхэм сэбэп яхуэхъун папщІэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІыр, узыншагъэм кІэлъыгъэплъынми, егъэджэныгъэми, лэжьыгъэ ІэнатІэми, психолог, юрист къадэгъэІэпыкъунми ехьэлІауэ.

Курыт еджапІэм и лэжьакІуэхэм къыхагъэщащ я гъэсэнхэр лІыхъужьхэм ІуагъэщІа нэужь я гупсысэм зэрызиужьыр, абы иужькІи зэрытепсэлъыхьыжыр. Апхуэдэ зэІущІэхэм еджакІуэхэр ирагъэгупсыс унагъуэм, Хэкум, ныбжьэгъугъэм я мыхьэнэм.

ГЪУЭТ Синэ.

Хэгъэрейхэр нэхъ хуэныкъуэт текІуэныгъэм

● Футбол

«Нефтехимик» (Избербаш) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. Жэпуэгъуэм и 24-м. ЦІыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Перепелков Александр (Мэзкуу къалэ), Киливник Алексей (Дон Іус Ростов), Марченкэ Никитэ (Мэзкуу область).

«Нефтяник»: Ибрагимов, Курбанов, Исаев, Акаев, Абдулмеджидов, Гаджимурадов, Гамзатов (Абдуллаев, 77), Курбанов (Нурадинов, 89), Магомедов, Керимов, Мирзабеков (Салихов, 82).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев (Пекъу, 89), КІэдыкІуей, Жабоев, Пириев, Тут (Гъубжокъуэ, 70), Малкандуев (Хьэшыр, 53), ХьэцІыкІу, Шэрджэс (Балъкъыз, 70), Ибрагимов, Лысенкэ (ЛІуп, 70).

Топхэр дагъэкІащ: Керимовым, 19 (1:0). Абдулмеджидовым, 51 (2:0).

Дагъуэ хуащІащ: Курбановым, Нурадиновым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшык»-р щэбэт кІуам щыхьэщІащ Избербаш и «Нефтяник»-м деж. Мы гъэм накъыгъэм а командитІыр щызэхуэзам ди щІалэхэр текІуауэ щытащ зэІущІэм и бжыгъэр 4:0-у, я деж щыІэжу. Иджы, япэ дищынци, а бжыгъэ дыдэмкІэ хэгъэрейхэм я лъыр нобэ ямыщІэжами, къызэрыкІэрыху щымыІэу, 2:0-у дыкъыхагъэщІэжащ.

Мыбдежым щыжыІэпхъэщ «Нефтяник»-р текІуэныгъэм нэхъ хуэныкъуэу зэрыщытар. Сыту жыпІэмэ, мыгъэрей чемпионатым щІимыдзэ щІыкІэ Дагъыстэным и топджэгухэм къалэн къыщащІат очкоуэ 30 нэхърэ мынэхъ мащІэ яІэу лъэхъэнэр и кІэм нагъэсынуи, ар зрагъэхъулІэным иджыри очкои 6 хуэчэму екІуэлІахэт нобэрей зэІущІэм. Ди яужькІэ «Нефтяник»-р зыдэджэгуну «Ангушт»-м зэрытекІуэн Іэмалхэр иІэт, хьэщІапІэ щыІэу зэхуэзэну щытми.

Ауэ, дауэ хъуми, налшыкдэсхэм зэІущІэр нэхъ жыджэру ирагъэжьащ икІи хэгъэрейхэм я гъуэр къащтэфыну щытащ зэпеуэм и япэ Іыхьэм. МызэмытІэу «Нефтяник»-м и гъуащхьэм телъэдащ Ибрагимовыр, Шэрджэсыр, КІэдыкІуейр, ХьэцІыкІур, ауэ Іуэхур и кІэм яхунэгъэсакъым.

Топыр нэхъыбэрэ зыІыгъа, Іэмал нэхъыбэ къызэзыгъэпэща налшыкдэсхэм я гъуэр япэу къащтэну ди гущхьэ къэкІыртэкъым, гъуащхьауэ Мирзабеков Саид ди лъэныкъуэмкІэ къихьа нэужь, ирикІуэу щыт ди щІалиплІым я зэхуакум топыр къыдитыкІыу, Керимов Саид щритам, адрейр ди топджэгухэм яІэщІэкІыу бжыгъэр къыщызэІуихам. Абы щыгъуэ 19-нэ дакъикъэр екІуэкІыу арат.

Ди щІалэхэр апхуэдэ Іуэху къекІуэкІыкІэм игъэдзыхакъым икІи нэхъ ерыщыжу «Нефтяник»-м ебгъэрыкІуэн щІадзащ. Губгъуэм и кум лъэщу зыщызыгъэбыда налшыкдэсхэм я джэгукІэм шэч къытрыуигъэхьэртэкъым бжыгъэр икІэщІыпІэкІэ зэхуэдэ ящІыжыным. АрщхьэкІэ, зэІущІэм и япэ Іыхьэр и кІэм нэсащ, а зэрыщытым хуэдэу.

Загъэпсэхуу топджэгухэр губгъуэм къихьэжа нэужьи, «Спартак-Налшык»-м топыр иубыдащ икІи ар куэдрэ хэгъэрейхэм яритакъым. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди командэм и ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым, «Нефтяник»-м и гъуащхьэхъумэм топыр ди щІалэм къыІэщІихри, я лъэныкъуэмкІэ щыту лъэщу къеуащ ди дежкІэ. Топым зэ фІэкІа лъэмыІэсу Дагъыстэным и щІалэхэм ар ди гъуащхьэм къагъэсащ. Мыбдежым Жабоев Исмэхьил топыр къыхуэмыгъэувыІэу зыІэщІигъэкІащ икІи и щІыбагъым къыдэта Абдулмеджидов Магомедрашид ар ирагъэпхъуэтащ. Ди гъуащхьэм и закъуэу къыІухута щІалэм адэкІэ къыхуэнэжар зы закъуэт - ди гъуэм блэмыукІыныр арати - ар зригъэхъулІащ 51-нэ дакъикъэм.

АдэкІи ди командэм Іэмалхэр къызэригъэпэщащ «Нефтяник»-м и гъуэр къищтэну, ауэ бжыгъэм зимыхъуэжу зэІущІэр и кІэм нэсащ.

Зэхьэзэхуэр зэныкъуэкъуздауэ хэмыту дахэу зэрекІуэкІари гъэщІэгъуэнщ. Судьям хэгъэрейхэм дагъуэ тІэу яхуищІащ, ахэри, зэрыжаІэу, ІэмалыншагъэкІэ. Ди щІалэхэм карточкэ кърагъэлъэгъуакъым. Мыр къыщыхэзгъэщыр, мыгъэрей чемпионатым «Нефтяник»-м и топджэгухэм нэхърэ нэхъ гурбиян хэткъым: карточкэ плъыжь ирагъэлъагъуурэ ахэр 12-рэ губгъуэм кърахуащ. АбыкІэ япэ увыпІэр яІыгъщ, налшыкдэсхэр ещанэщ. Ди щІалэхэр губгъуэм 5 кърагъэкІащ. Пэжыр жыпІэми, нобэрей командитІыр «щІызэбэнын», «щІызэтІыркъын» щхьэусыгъуэр мэщІащ. Мыдрейуэ, мы гъэм гурбияныгъэкІэ етІуанэри Дагъыстэным и «Динамо-2»-м и футболистхэрщ. Ахэр губгъуэм 7 кърагъэкІащ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэ псоми щыгъуазэ фыхуэтщІынщ. Мис ахэр: **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **2:3**, **«Заря»** (Луганск) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **0:1**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Нарт»** (Черкесск) - **2:1**, **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) - **«Кызылташ»** (Бахъшысэрей) - **2:1**, **«Чайка»** - **«Севастополь»** (Севастополь) - **1:4**, **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Ангушт»** (Назрань) - **0:0**

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 31-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2» командэр.

МЭРШЭН Батыр.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Севастополь»**	**27**	**21**	**3**	**3**	**56-21**	**66**
2.	**«Ростов-2»**	**28**	**17**	**6**	**5**	**54-26**	**57**
3.	**«Шахтёр»**	**27**	**17**	**5**	**5**	**50-25**	**56**
4.	«Победа»	27	15	3	9	51-38	48
5.	«Рубин»	27	13	7	7	40-27	46
6.	«Дружба»	27	12	7	8	35-32	43
7.	«Кызылташ»	27	12	5	10	46-37	41
8.	«Нарт»	27	12	4	11	37-27	40
9.	**«Спартак-Налшык»**	**27**	**10**	**7**	**10**	**37-32**	**37**
10.	«Заря»	27	8	6	13	36-38	30
11.	«Нефтяник»	27	8	3	16	25-64	27
12.	«Астрахань»	27	6	7	14	28-42	25
13.	«Чайка-М»	28	6	2	20	30-66	20
14.	«Ангушт»	27	5	5	17	14-34	20
15.	**«Динамо-2» Мх**	**27**	**4**	**6**	**17**	**22-50**	**18**

Унафэщl-редактор ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)* **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариannэ**, **Щхьэщэмыщl Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.098
Заказыр №2340
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ПхытІыкІ Марие** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ**, **Щомахуэ Мариannэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.